Milik Depdikbud
Tidak Diperdagangkan

BHAGAWADGITA

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
Direktorat Jenderal Kebudayaan
Direktorat Sejarah dan Nilai Tradisional
Bagian Proyek Penelitian dan Pengkajian
Kebudayaan Nusantara
1992 – 1993

Milik Depdikbud
Tidak Diperdagangkan

BHAGAWADGITA

MILIK KEPUSTAKAAN
DIREKTORAT TRADISI
DITJEN NBSF DEPBUDPAR

Oleh :

Soimun Hp.
Soeloso
Soejanto Hp

Editor :

Sri Mintosih

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
Direktorat Jenderal Kebudayaan
Direktorat Sejarah dan Nilai Tradisional
Bagian Proyek Penelitian dan Pengkajian
Kebudayaan Nusantara
1992 – 1993

Milik Depdikbud
Tidak Diperdagangkan

BHAGAWADGITA

MILIK KEPUSTAKAAN
DIREKTORAT TRADISI
DITJEN NBSP DEPDIKBUD


Oleh :

Soimun Hp.
Soelosо
Soejanto Hp

Editor :

Sri Mintosih

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
Direktorat Jenderal Kebudayaan
Direktorat Sejarah dan Nilai Tradisional
Bagian Proyek Penelitian dan Pengkajian
Kebudayaan Nusantara
1992 - 1993



SAMBUTAN DIREKTUR JENDERAL KEBUDAYAAN DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

Usaha untuk mengetahui dan memahami kebudayaan daerah lain selain kebudayaan daerahnya sendiri lewat karya - karya sastra lama (naskah kuno) merupakan sikap yang terpuji dalam rangka pengembangan kebudayaan bangsa. Keterbukaan sedemikian itu akan membantu anggota masyarakat untuk memperluas cakrawala pandangan stereotif. Dengan mengetahui dan memahami kebudaya an-kebudayaan yang ada dan berkembang di daerah-daerah di seluruh Indonesia secara benar, maka akan sangat besar sumbangannya dalam pembinaan persatuan dan kesatuan bangsa.

Untuk membantu mempermudah pembinaan saling pengertian dan memperluas cakrawala budaya dalam masyarakat majemuk itulah pemerintah telah melaksanakan berbagai program, antara lain dengan menerbitkan buku-buku yang bersumber dari naskah-naskah lama seperti apa yang diusahakan oleh Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara. Mengingat arti pentingnya usaha tersebut, saya dengan senang hati menyambut terbitnya buku yang berjudul " Bhagawadgita ".

Saya mengharapkan dengan terbitnya buku ini, maka penggalian nilai budaya yang terkandung dalam naskah lama yang ada di daerah-daerah di seluruh Indonesia dapat lebih ditingkatkan sehingga tujuan pembinaan dan pengembangan kebudayaan nasional yang sedang kita laksanakan dapat segera tercapai.

Namun demikian perlu disadari bahwa buku-buku hasil penerbitan Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara ini baru merupakan langkah awal, dan ada kemungkinan masih terdapat kelemahan dan kekurangan. Diharapkan hal ini dapat disempurnakan di masa yang akan datang terutama yang berkaitan dengan teknik pengkajian dan pengungkapannya.

Akhirnya saya mengucapkan terima kasih kepada semua pihak yang telah membantu penerbitan buku ini.

Jakarta, Januari 1993
Direktur Jenderal Kebudayaan

Drs. GPBH. Poeger
NIP. 130204562

KATA PENGANTAR

Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara, Direktorat Sejarah dan Nilai Tradisional, Direktorat Jenderal Kebudayaan telah mengkaji dan menganalisis naskah-naskah lama di antaranya naskah daerah Jawa Tengah yang berjudul Bhagawadgita, isinya tentang kepahlawanan, Bhagawadgita sendiri artinya nyanyian Tuhan. Intinya adalah petuah atau wejangan dari Sri Kresna kepada Arjuna pada saat perang melawan Adipati Karna di Kurusetra.

Nilai-nilai yang terkandung di dalam naskah ini adalah nilai luhur yang berupa ajaran atau petuah yang dapat diterapkan dalam kehidupan masyarakat dewasa ini, yang dapat menunjang pembangunan, baik fisik maupun spirituil.

Kami menyadari bahwa buku ini masih mempunyai kelemahan kelemahan dan kekurangan-kekurangan. Oleh karena itu, semua saran untuk perbaikan yang disampaikan akan kami terima dengan senang hati.

Harapan kami, semoga buku ini dapat merupakan sumbangan yang berarti dan bermanfaat serta dapat menambah wawasan budaya para pembaca.

Kami mengucapkan terima kasih yang sebesar-besarnya kepada para peneliti dan semua pihak atas jerih payah mereka yang telah membantu terwujudnya buku ini.

Pemimpin Proyek



Sri Mintosih, BA
NIP. 130 358 048

DAFTAR ISI

BAB I PENDAHULUAN 1

BAB II ALIH AKSARA 7

BAB III ALIH BAHASA 87

BAB IV TINJAUAN ISI DAN LATAR BELAKANG SERAT BHAGAWADGITA 169

BAB V PENUTUP 179

ACUAN 181

DAFTAR ISI

BAB I PENDAHULUAN 1

BAB II ALIH AKSARA 7

BAB III ALIH BAHASA 87

BAB IV TINJAUAN ISI DAN LATAR BELAKANG SERAT BHAGAWADGITA 169

BAB V PENUTUP 179

ACUAN 181

BAB I

PENDAHULUAN

A. Latar Belakang dan Masalah

Negara Indonesia yang terdiri atas ribuan pulau dan kepulauan, memanjang dari barat sampai ke timur bak zamrut katulistiwa. Adanya pulau dan kepulauan ini menjadikan negara Indonesia mempunyai bermacam-macam hasil budaya dan bahasa. Hal ini disebabkan karena banyaknya suku bangsa yang tinggal di seluruh kepulauan di Indonesia. Namun, meskipun terdiri atas berbagai suku bangsa dengan hasil budaya dan bahasa yang berlainan, mereka tetap satu kesatuan, yaitu bangsa Indonesia dengan bahasa persatuan bahasa Indonesia. Sedangkan hasil budayanya bisa memberi sumbangan terhadap perkembangan kebudayaan Nasional. Hal ini seperti yang tercantum dalam Undang - Undang Dasar 1945 pasal 32 yang berbunyi *Pemerintah memajukan kebudayaan Nasional Indonesia*, yang di dalam penjelasannya diungkapkan bahwa, Kebudayaan Nasional Indonesia ialah *"Kebudayaan lama dan asli yang terdapat sebagai puncak-puncak kebudayaan di daerah-daerah di seluruh Indonesia terhitung sebagai kebudayaan bangsa"*

Hasil-hasil budaya daerah ini sebagian besar masih ada yang hidup dan berkembang dengan baik, namun ada pula yang sudah mendekati kepunahan, yang tentunya hal ini jangan sampai terjadi. Terlebih lagi dewasa ini arus budaya asing sudah semakin banyak

mempengaruhi para generasi muda. Untuk menanggulangi keadaan ini sebaiknya pemerintah dan cendekiawan mulai mengkaji hasil-hasil budaya sendiri yang mempunyai nilai-nilai luhur dan tinggi agar bisa mudah dicerna oleh para generasi muda untuk melawan arus budaya asing yang mulai masuk, dan mulai membaur dengan kebudayaan Indonesia dalam menghadapi pembaharuan di berbagai bidang kehidupan.

Seperti telah diketahui oleh seluruh bangsa Indonesia, bahwa hasil-hasil budaya daerah ini banyak mengandung nilai-nilai yang luhur, oleh karena itu pemerintah terus berusaha melestarikan nilai nilai tersebut dan jangan sampai ada yang terlupakan. Kecuali itu biasanya hasil-hasil budaya ini hanya bisa dinikmati oleh sebagian besar masyarakat pendukungnya. Agar hasil-hasil budaya itu bisa dinikmati, dipahami oleh masyarakat luas yang memerlukannya maka perlu kiranya hasil-hasil budaya ini disadur ke dalam bahasa Indonesia dan diteliti atau dikaji kembali, sehingga dapat dipahami oleh masyarakat luas.

Salah satu hasil budaya bangsa Indonesia yang sampai saat ini masih agak sulit dipahami oleh sebagaian masyarakat pendukungnya maupun yang ada di luar masyarakat pendukungnya adalah naskah-naskah kuna. Naskah kuna ini biasanya tulisan dan bahasanya menggunakan tulisan dan bahasa daerah masing-masing, sehingga apabila masyarakat luas ingin mengetahui isi dari naskah kuna ini akan mengalami kesulitan. Untuk itu kiranya naskah-naskah kuna perlu dikaji dan diteliti agar bisa diketahui nilai-nilai yang terkandung di dalamnya, sehingga akan lebih mudah untuk dikembangkan dan dilestarikan.

Epos *Mahabharata* sudah dikenal di kalangan bangsa Indonesia. Epos *Mahabharata* merupakan suatu kepahlawanan Pandawa. Sebenarnya epos *Mahabharata* ini berasal dari India, dan di Indonesia telah mengalami transformasi dengan budaya setempat dan banyak dikenal pada dunia pewayangan.

Dalam cerita epos *Mahabharata* pada bagian yang keenam yaitu bagian Bhismaparwa, bagian tersebut pantas diteladani hingga saat ini, karena berisi tentang ajaran hidup, ajaran ini kemudian

dikenal dengan nama *Bagawadgita* atau nyanyian Tuhan. *Bagawadgita* berisi tentang petuah atau *wejangan* dari Sri Kresna kepada Arjuna pada saat mereka akan pergi ke medan perang di padang Kurusetra untuk melawan Kurawa. Untuk mengetahui lebih jauh isi maupun nilai-nilai yang terkandung dalam *Serat Bhagawadgita,* kiranya perlu kajian ini dilakukan. Selain itu nilai-nilai yang telah dikaji bisa mempunyai peranan dalam kehidupan dan dipakai sebagai pedoman hidup oleh masyarakat yang memerlukannya. Serat Bagawadgita ini merupakan kutipan dari Serat Mahabarata bagian keenam; menceritakan para Panglima perang Tanah Hindustan, yaitu perjalanan kelima anak Pandu yang disebut Pandawa dalam rangka perang melawan saudara-saudara sepupu keturunan Kuru yang disebut Kurawa. Pendawa itu memperistrikan Drupadi. Anak ketiga (penengah) bernama Arjuna, ibunya bernama Kunti yang lebih dikenal dengan sebutan Dyah Prita. Sebelum memulai perang, Arjuna berkonsultasi dengan Raja Kresna yang menjadi sais keretanya. Sri Kresta adalah seorang batara titisan atau penjelmaan Batara Wisnu. Raja Kurawa yang sudah meletakkan jabatan itu buta, bernama Dristarastra. Patihnya bernama Sanjaya. Dialah yang melaporkan jalannya peperangan kepada raja.

B. Maksud dan Tujuan

Pada dasarnya kajian ini bertujuan untuk ikut menggali dan mengembangkan kebuadayaan daerah sebagai bagian dari kebudayaan nasional. Hal ini juga bisa diartikan sebagai suatu usaha untuk menggali puncak-puncak kebudayaan daerah yang dapat disumbangkan kepada kebudayaan nasional.

Dengan jalan mentransliterasi serta menterjemahkan naskah lama serta mengkaji isi dan latar belakangnya ke dalam bahasa Indonesia, diharapkan hasil tulisan ini akan lebih mudah dipahami oleh siapa saja yang ingin mengetahui nilai-nilai yang terkandung dalam *Serat Bhagawadgita.* Sehingga dengan adanya ini akan mendorong minat baca untuk peningkatan ilmu serta penambahan wawasan atau cakrawala bagi para pembaca dan generasi muda pada

umumnya.

Kecuali itu terjemahan dan kajian ini diharapkan dapat pula memperluas pemahaman isi teks untuk dapat digunakan seluas-luasnya untuk kepentingan masing-masing maupun untuk motivasi dalam melaksanakan pembangunan nasional yang sedang berlangsung di negara Indonesia ini.

C. Ruang Lingkup

Yang menjadi pokok dari tulisan ini adalah transliterasi, terjemahan dan kajian nilai yang terkandung dalam *Serat Bhagawadgita* saduran Raden Ngabei Hardjosaputro. Hal ini perlu diutarakan karena telah banyaknya tulisan-tulisan maupun saduran tentang *Bhagawadgita* sehingga dengan membatasi atau hanya mengambil salah satu naskah akan mempermudah dalam penggarapannya.

D. Metode

Agar bisa menjawab permasalahan seperti yang telah diuraikan di depan, diperlukan suatu metode atau cara pendekatan. Dalam kajian ini dipergunakan metode studi pustaka, yaitu dengan jalan mengumpulkan data serta memilih salah satu naskah yang dianggap penting. Kemudian dilakukan transliterasi dan terjemahan serta pengkajian. Sudah barang tentu dalam pengkajian ini digunakan pula buku-buku yang ada kaitannya dengan *Serat Bhagawadgita* sebagai bahan pelengkap agar bisa diperoleh suatu kajian yang bisa dipertanggung jawabkan.

Setelah melalui pengkajian tentunya akan dapat ditarik suatu kesimpulan akan arti dan makna serta nilai-nilai yang terkandung didalamnya, sehingga pesan dari naskah itu bisa dicatat dan dicantumkan sebagai modal untuk pengembangan ilmu, serta manfaat bagi kehidupan masa kini dan yang akan datang.

E. Sistematika

Penelitian ini disajikan dengan sistematika penulisan sebagai berikut : Bab I, pendahuluan dengan sub pembicaraan latar belakang dan masalah, maksud dan tujuan, ruang lingkup, metode dan sistematika penulisan. Bab II, memberikan gambaran tentang naskah *Serat Bhagawadgita* dan transliterasinya. Bab III terjemahan *Serat Bhagawadgita.* Bab IV tinjauan isi dan latar belakang *Serat Bhagawadgita.* Bab V penutup yang merupakan kesimpulan dari seluruh pembicaraan.

BAB II
ALIH AKSARA

Bhagawad Gita
(Kidung Suksma, utawa rerepenning Jawata)

Wiraosan ingkang sapisan

1. Pangandikanipun Prabu Dristarastra.
Heh Sanjaya, sabanjure kapriye kahanane para putraningsun, lan sulane Pandhu, kang nedya bondayuda satekane ana Tegal Kuru, iya tegal kang sukci.

2 Aturipun Sanjaya
Rikala Prabu Duryudana anguningani bilih wadyabalanipun para putraning Pandhu ingkang sakalangkung ageng punika sampun angrakit gelaring ngayuda, enggal merepeki gurunipun (Durna) sarwi umatur.

3. Kapirsanana guru, wadyanipun Pandhutanaya ingkang sakalang kung ageng sampun karakit gelaring ngaprang dening atmajaning Drupada, murid paduka ingkang lebda ing pangolah prang.

4. Lah punika para Senapati ageng ingkang angirit wadya sikep jempraning. Kados ta Suyudana, Wirata, tuwin Drupada, ingkang sami awahana rata, ingkang boboting ngayuda sami kaliyan Bima tuwin Arjuna.

5. Dhristoketu, Sekitana, sarta Narendra ing Prajakasi (Benares) ingkang surayeng ngalaga, Purujit Kuntiboja tuwin Narendra ing Nagri Swibi, sami bebanthenging manungsa.

6. Kang prakosa risang Abimanyu, atmajanipun Sumbadra, tuwin kang ambeg sura pun Hutamuya, sutanipun Drupati sami wahana rata.

7. Dhuh para dwija (ingkang sampun kalahiraken kaping kalih) (1), Sinten ingkang mungguh anindhihi wadyabala, saking pamanggih kula ingkang langkung prayogi inggih amung paduka.

8. Inggih paduka pijambak punapa Sang Bisma (Senapati ning Kurawa kaprenah eyangipun Duryudana utawi Pandhawa), punapa Karna tuwin Kripa sami pilih tandhingipun ing ngayuda, Aswatama, sarta Wikarna miwah atmajaning Samadati.

9. Saha para Senapati sanesipun malih, awit saking tresnanipun dateng kula, sampun anglilahaken gesangipun, nedya prang kalayan asikep dadamel warni-warni, tuwin nandukaken sagunging gelar wonten samadyaning paprangan.

10. Sanadyan wadyabala kula dipun pramugareni dening Bisma, punika dereng anyekapi, ananging wadyabalanipun mengsah ingkang dipun tindhihi dening Bisma, kados sampun anyekapi.

11. Jengandika sadaya sami dumateng ing madyaning paprangan, saestu badhe angayomi Bisma ingkang dados Senapatining ngalaga.

12. Saking anggenipun nedya anyenengaken penggalihipun Duryudana, pinisepuhipun Kurawa (Sang Bisma) lakar kaprenah Eyang, sarta ingkang pinundhi pundhi, nulya anyebul salompretipun, ngumandhang ing ngantariksa, kapiyarsa kadi panggeroning singa.

13. Sakala wau sawarnining suling kapiri, tambur, bedhug miwah salompret sami kaungelaken sadaya, suwaranipun gumaludhug anggegeteri.

14. Sami sanalika tedhaking Madu (jujulukipun Kresna), akanthi panengahing Pandhawa, awahana rata ingkang pangirit kuda petak, ugi lajeng angungelaken salompretipun saking paringing Jawarta.

15. Resikesa (jujulukipun Kresna) angungelaken salompretipun ingaran singating raseksa, dene risang unggul lan kasugihan (Dananjaya) salompret ganjaraning dewa, punapa malih Sang Wrekudara angungelaken salopretipun ingkang sakalangkung ageng nama Paondra, temah damel mirising katah.

16. Prabu Yudhistira (atmajaning Kunthi) ngungelaken salompretipun kang nama unggulngayuda, salompretipun Nangkula swara arum, dene Sedewa kawastanan Mutyara kang sekar.

17. Nara Nata ing nagri Kasi, tetindhihing wadya sikep jemparing

(1) Miturut katrangan Nyonyah Besan, ingkang kamot ing buku margining kasiswan, ingkang sinebut kalahiraken kaping kalih (Dwijatama) punika janma ingkang jiwanipun winejang dening Guru.

tuwin Sikandhi awahana rata, punapa dene Sang Wirotamengprang, Drustajumena (atmajaning Drupada) Wirata sarta Setyaki.

18. Drupada tuwin Drupadi tanaya, Sumbadra putra ingkang pilih tandingipun, duh ratuning bawana (aturipun Sanjaya dateng Prabu Dhristarastra) sami ngungelaken salompretipun piyambak-piyambak.

19. Swaranipun ingkang gumaludhug anggegeteri ngantos angebeki Bawana, temahan andamel geteripun manahing Kurawa.

20. Risang Pandhu putra ingkang daludakipun aciri wanara, sareng uninga bilih para Kurawa sampun angrakit gelar, enggal angasta gandhewa, ing nalika punika wiwit ebah sami asawega dadamel

21. Aturipun Sanjaya. Gusti, ing ngriku Arjuna lajeng matur dhateng Narendra Kresna, makaten : Dhuh Risang mboten semang semang, (Kresna Asuta) muga rata kula kaajengna ngantos wonten samadyaning wadyabalaning mengsah miwah rowang.

22. Murih kula saged anyumerepi sinten kawontenanipun ingkang umagut prang, utawi sinten ingkang kedah kula papagaken.

23. Kula kapengin priksa ingkang sami nedya magut yuda, inggih ingkang sampun sami samekta ing ngriki sadaya, angajab inggala campuh, amung anjurungi awoning sedyanipun Dhristarastra putra (jujulukipun Duryudana).

24. Aturipun Sanjaya. Pukulun sareng Risang Mungreh Karsa (Kresna) miyarsa pangatagipun Arjuna, panjenenganipun enggal angajengaken ratanipun, sarta dipun kendelaken wonten satengah tengahing wadyabalanipun rowang tuwin mengsah.

25. Wonten ing ngayunanipun Bisma sarta Druna, tuwin sagunging Naranata, ing ngriku Sri Kresna ngandika : heh atmajaning Prita, dulunen kahanane kurawa kang pada anekani.

26. Sakala Arjuna priksa para kadang ingkang kaprenah Bapa, Eyang, Guru, Paman saking ibu, saderek putra, putu, tuwin konco.

27. Marsepuh saha mitranipun piyambak ingkang sami aneng ngan-

tawising wadyabala ing kalih kalihipun wau, sareng Arjuna wuninga, para prajurit wau sampun sami ajeng ajengan.

28. Atmajing Kunthi (Arjuna) sekalangkung trenyuh ing panggalih sarta sanget aprihatos, mila lajeng matur, duh Sri Kresna, sareng kula priksa para kadang warga kula umajeng prang, badan kula umajeng prang, badan kula sekojur lajeng lesu.
29. Githok kulo murinding, gorokan kula sakit, badan kula gumeter tuwin wulu kula anjegrik.
30. Tangan kula mboten kuwawa anyepeng gandhewa, kulit kula apriyang priyang, suku kula dhengkelen, saha manah kula kuwur.
31. Dhuh Kesawa (jujulukipun Kresna). Punika saking pangraos kula kadi sasmita awon, bade mboten prayogi kadadosanipun, manawi kula amengsaha kadang kula piyambak.
32. Pukulun, kula mboten kapengin menang, utawi mboten kepengin karaton, ugi mboten milik kamulyan, duh pangoning lembu (jujulukipun Kresna) pedah punapa gesang angsal karaton miwah kamulyan.
33. Anggen kula karaya raya kapengin karaton, kamulyan tuwin kawibawan, perlunipun amung kangge angayomi para kadang warga, ,mongka samangke piyambakipun sami umangsah ing prang, kaliyan anglilahaken gesang soha raja darbekipun.
34. Piyambakipun guru, bapa, anak punapa dene eyang, paman saking ibu marasepuh ipe, putu, saha kadang sanes sanesipun.
35. Dhuh pangrurahing madu (jujulukipun Kresna) kula mboten kadugi anyirnakna punika, dadosa kula pinejahan, sanajan kula antuk ganjaran angreh tri buwana.
36. Dhuh pangruwating manungsa (Kresna) kados pundi anggen kula angraos seneng, manawi kula anyirnakaken para putranipun Dristarastra, sasimaning mengsah kula wau sampun tantu piawon ingkang andatengi dateng jasat kula.
37. Dhuh Sri Kresna. : Mila mboten prayogi bilih kula anyirnakna kadang Kurawa, kados pundi anggen kula saged angraosaken

begja, sasampunipun kula amejahi para kadang warga kula piyambak.

38. Manawi piyambakipun mboten rumaos dosa anyirnakaken traking leluhuripun, serta mboten rumaos awon mengsah mitra tuwin kadang piyambak, punika kabekta saking manahipun kandhih dening kamelikan.

39. Dhuh Kresna, punapaha kula mboten anyingkiri pihawon ingkang makaten punika, jalaran kula anganggep anyirnakaken dateng trah punika nandang dosa.

40. Awit saking risaking trah (bongsa) angger anggering trah ingkang langgeng sirna. Mongka bilih angger utawi darma wau sirna, sadaya bangsa bade kaereh tanpa angger (adarma).

41. Manawi trah mboten kaereh kalayan angger, estrinipun trah bade risak (camah), bilih estrinipun risak, dhuh tedhaking Wresni (jujulukipun Kresna) saestu bade nuwuhaken bongsa camboran.

42. Campuring bangsa wau temahan murugaken naraka tumanduk dateng ingkang ngrisak tuwin ingkang rinisak trahing bangsanipun, sabab para luluhuripun sami kacemplung ing naraka, karanten mboten angsal sajen olfers dadahanan miwah toya (1).

43. Sarana dosa ingkang kados makaten, sinten ingkang anyuresaken trahipun, inggih ingkang anjalar campuring bongsa, kenging winastan angrisakaken angger anggering trah utawi bongsa ingkang langgeng.

44. Dhuh pangruwating manungsa (Kresna), saking ing pamireng kula sinten ingkang anggering bangsanipun risak, punika badhe manggen ing naraka salami laminipun.

45. Ah, piawon punapa ingkang bade kula panggih saking kapengin dateng kamulyaning ratu ngantos angangkah mejahi dateng kadang.

---

(1) bilih para luluhur mboten dipun sajeni ingkang makaten wau bade katurunaken saking sawargo.
nastan wiraosan ingkang kapisan, utawi rangu rangunipun Arjuna.

46. Bilih para putranipun Prabu Dhristarastra sami angregem dedamel, bade mejahi dateng kula wonten ing paprangan, mongka kula mboten asikep dadamel, tuwin mboten niyat lumawan, punika kamulyan tumrap ing kula.

47. Aturipun Sanjaya, Satelasing aturipun, Arjuna sarwi ambucal gandewa tuwin jemparingipun, tuwin lajeng ngalosot wonten jarambahing rata kalawan trenyuhing panggalihipun, sanget karerantan.

Bhagawad Gita ingkang sukci punika wontenipun ing piwulang wados (Uphanishat) winasan kawicaksananing Brahma serat piwulang panunggal. inggih wiraosanipun Kresna kaliyan Arjuna.

Ingkang kawasita ing nginggil wau, winastan wiraosan ingkang kapisan, utawi rangu rangunipun Arjuna.

Wiraosan ingkang kaping kalih

1. Aturipun Sanjaya. Pangrurahing madu (1) (Sri Kresna) amarah dateng Arjuna, ingkang saweg rangu rangu saha karerantan, kaliyan netranipun akembeng kembeng nenggak waspa wit saking rudah ing penggalihipun.
2. Pangandikanipun Kresna. Saka ing ngendi pinangkaning kekesing ati kang tumanduk marang sira Arjuna, iku dudu wawatak ane bongsa Ari, ora marakake ing swarga malah anuntun marang kanistan.
3. Heh atmajaning Prita, aja ngalumpruk, iku ing ngatasing sira ora patut, beraten anglesing atinira, lah pangrurahing satru (sasebutanipun Arjuna) nuli amangsaha prang.
4. Aturipun Arjuna. Dhuh pukulun, kados pundi saged kula lumawan Sang Bisma miwah Druna, mongka sakaliyan wau pantes ingaji aji.

5. Awit ing ndonya punika kados langkung eca nedha sekul sapulukan saking anggenipun papariman, tinimbang kamulyan ageng sarana amejahi guru para kang dibya, sengsemipun dhateng kasugihan tuwin kamukten, ingkang makaten wau badhe cemer dening rah.
6. Tuwin maleh kula dereng uninga pundi ingkang prayogi tumrap ing kula, punapa kula ingkang menang punapa kula ingkang kawon, sarehning mamengsahan sami kadang piyambak, upami kula saged anyirnakaken piyambakipun, saestunipun kula ugi mboten kepengin gesang.
7. Kula rumaos dosa, dene bibrah watak kasatriyan kula, pramila kula nyuwun pitedah ing paduka, pundi ingkang prayogi kula lampahi kadawuhana kemawon, awit kula punika siswa paduka, mugi paringa piwulang ing jasat kula ingkang kawelasasih.
8. Awit kula mboten priksa punapa sarananipun ingkang saget amberat prihatos ingkang angrujit manah kula, sinaosa kula bade tampi ganjaran, angreh ing ndonya tanpa tanding, malah angratonana para Jawata (sura) pisan.
9. Aturipun Sanjaya dumateng Prabu Dhristarastra, satelasing aturipun dhateng Sri Kresna ingkang makaten wau, Arjuna lajeng anjethung. Kula mboten kadugi umagut prang.
10. Wonten antawising wadyabalanipun mengsah tuwin rowang Sang Kresna sarwi mesem anyorahaken wawarah dateng Arjuna ingkang saweg rangu rangu, makaten :
11. Pangandikanipun Kresna : (1) Sira angucapake kawicaksanan kapriye, sira teka anrihatinake kang benere ora perlu disedihake, yen para wicaksana mesti ora nrihatinake kang mati lan kang ora mati.
12. Ingsun lan sira apa dene para ratu sakabehe, ora ana kang durung tahu mati, lan ora ana kang ing tembe ora linahirake maneh.

---

(1) ing ngriki wekasaning purwaka wiwit perangan kawruh kawicaksanan.

13. Apa dene jiwa, kang bisa abadan solan salin, arupa jabang bayi, wong anom lan kaki kaki, uga mangkono, ing tembe manuksmane ing badan liyane, ananging kahanane kang langgeng iku ora bisa sirna ana ing paprangan.
14. Heh atmajaning Kunti, mungguh kang negepokan alaming kalahiran, kang tansah teka lan lunga, pangrasa adem lan panas, bungah lan susah lan kang ora langgeng, iku sandangen Arjuna.
15. Heh bebanthenging manungsa, awit manungsa kang wus sinebut santosa ora kengguh dening iku, iya kang wus nganggep begja lan cilaka pada bae, iku kang prayoga (Ceschikt) tumrap kang ora bisa mati.
16. Ana iku ora tinemu saka ora ana, mangkono uga ora ana iya ora tinemu, saka ana, malah wekasane saka karo-karone mau bisa kasumurupan dening sujanma kang ameruhi kahanan batin
17. Ananging sumurupa mungguhing Dat kang anglimputi iki kabeh ora bisa sirna, ora ana manungsa kang bisa angowahi kahananing Dat kang langgeng mau.
18. Kang langgeng, kang tan owah gingsir, kang ora ana watesane, Iku badan badane ana wekasane, mulane tedhaking Barata (Arjuna), umajua prang.
19. Kang sapa kojah Dat bisa mateni lan sing sapa ngira yen kena pinatenan, kang mangkono mau durung ana kang ngalami, sajatine ora tahu mateni, uga ora kena pinatenan.
20. Dat ora linahirake, uga ora tahu mati, sanyatane ora tahu dumadi, lan ing tembe ora bakal dumadi, langgeng salawase, ana bae wiwit kuna makuna, sanadyan badan iki dipateni deweke ora kena ing pati.
21. Sing sapa weruh yen Dat iku ora kena rusak, langgeng salawase lawase, ora tahu kalahirake, ora owah gingsir. Heh tedhaking Barata, kapriye manungsa bisane mateni uwong, lan kapriye anggone mateni.
22. Kaya dene jamake manungsa, sawuse ambuwang sandhanganing lawas, banjur salin panganggo anyar, mangkono lakune kang manuksmeng badan sawuse ambuwang panganggone kang

rusak mbanjur saling panganggone anyar.

23. Awit Dat ora pasah dening gagaman, ora kobong dening geni, ora teles dening banyu, lan ora garing dening angin.
24. Dat ora bisa ketaton, ora kobong, ora teles, opa deneng ora garing, langgeng salawas lawase, ora tahu owah gingsir, tetep anglimuti sakabehe.
25. Iya kang ora tahu gumelar, ora kena kinira kira, ingaran ajeg bae, rehning kang mangkono mau sira wis sumurup, mulane ora perlu disusahake.
26. Manawa sira nduweni panganggep lahir bae, utawa mati bae salawase, mestine sira ora amrihatinake iku mau.
27. Amargo soka lahir mulane mesti mati, lan kang mesti lahir iku saka ing pati, rehning wis ora kena disingkiri, mulane sira aja sedih.
28. Ananging wujud iki kabeh sakawit ora gumelar, kang wekasan iya ora gumelar, heh tedaking Barata, kepriye dene sira susah.
29. Panganggepe manungsa Dat iku anggumunake, saweneh ana kang konda, yen Dat iku anggumunake, sanadyan deweke antuk pangrungu ing bab kahananing Dat, ewa samono ora ana wong kang weruh ing Dat.
30. Kang winaragan sajroning badan sawiji wiji, iku ora pasah dening gagaman, pedah apa sira Arjuna anusahake sawiji mau.
31. Yen sira angengeti kewajibanira dewe, mesti yen banjur ora semang semang, awit ora ana kang luwih prayoga ing ngatasing prajurit kaya prang kang wus sah.
32. Heh Prita putra (panguwuhipun dateng Arjuna), begja prajurit kang nglakoni prang kang wus sah, marga bakal kawenganan lawang swarga.
33. Manawa sira ora gelem anindakake prakara kang adil, awit saka nggonira anampik wajib, sarta misuwuring jenengeira, sira anempuh piala.
34. Sarta kabeh kang pada anyatur kawiranganira ing salawas lawase, ing ngatasing sira wirang iku angungkuli mati.

35. Jalaran soko sira lumuh prang, para ratu kang pada wahana rata, iku pancene pada angaji aji marang sira, temahan dadi malahan anyenyamah.

36. Lan akeh tatembungan kang ora prayoga diunekake kang bakal diucapake dening mungsuh kanti nacad kasatriyanira, apa ana kang ngungkuli kalingsemane.

37. Mongka yen nemahi pati sira nemu swarga, dene yen menang antuk kamulyan ana ing ndonya, mulane Arjuna tumandanga umangsah prang.

38. Sawuse sira anganggep begja lan cilaka, nemu lan kelangan, unggul lan asor iku pada bae, umajua prang sira ora pikantuk piala.

39. Piwulang kang sun warahake marang sira iki, mitutur Sangkya (Saddarsana), ananging samengko sira angrungokna piwulang manut Yoga (Panunggal), heh atmajaning Prita, yen sira anut piwulang mau sira bisa amudari bebandaning panggawe.

40. Sing sapa anyoba piwulang iki, ora ana pitunane, sanadyan kang wiwit anyoba iya ora ana pekewuhe, malah kang gelem ngudi dadiya mung sawatara bae bakal linuputake ing babaya gede.

41. Pangesti siji iku kang wujude kakencengane ati, iku yoga, ananging wong kang tanpa kakencengan, heh tedaking Barata iku pikire akeh pange lan tanpa wekasan.

42. Para cubluk kang sengsem marang unen unen ing layang Weda, iya kang tatembungane becik banget, heh atamajaning Prita, wong mau muni yen wus ora ana maneh.

43. Deweke kang ngegungake papinginan, kang panggayuhe marang swarga, konda, yen tatembungan layang Weda kang muni yen panggawe iku anguwoh kalahiran, lan kang kebak rupa-rupa ning panggawe kanggo anggayuh marang pangesti siji sarana kakencengan.

44. Manungsa kang melik marang kamukten lan kawibawan, lan sing sapa pikire korup dening iku pratonda ora semadi.

45. Kang winarahake ing layang Weda, ana wawatekan telu (guna) pisaha saka wawatekane triguna mau, luwara saka sisihan kang mumungsuhan, utawa sisihan kang kosok bali [1].

46. Ing ngatase para Brahmana, angarani mungguh gedene pigunane sakehing layang Weda iku kadi dene megunge talaga kang kejogan banyu soka ngendi endi.

47. Tansah meluwa anindakake panggawe, aja pisan melik marang wohe, mungguh wohe panggawe iku dudu kang dadi jalaran, mulane aja kepengin ora nindake panggawe.

48. Heh kang unggul lawan kasugihan (panguwuhipun dateng Arjuna) Santosakna sampurnaning panunggalira, anglakonana panggawe, sawuse anglilakake kamelikanira, sarta ketug lan ora ketug pada bae, timbang iku ingaran panunggal.

49. Panggawe iku sangisoning panunggal sarana budi, memelas temen manungsa kang mung angarep arep marang wohe, utawa nganggep woh iku kang dadi jalaran.

50. Yen sujanma wus anunggal sarana budine, temahan ala lan becik, mulane sira anggangkaha nunggal, panunggal iku prayoga kanggo anindakake panggawe.

51. Para wicaksana kang anunggal sarana budine, ora maelu woh kang metu saka panggawene, banjur luwar saka babandaning lahir marambah rambah, banjur tunuju marang panggonan karahayon kang sukci.

52. Manawa budinira wis menang, kalayan bawuring ati kang nasarake, sira bakal ora bisa praduli marang samubarang kang kaprungu, lan bakal kaprungu.

53. Manawa budinira kang tansah den obahake dening kang kaprungu, (adedalan Sruti serat piwulang) wus jejeg asantosa, ora obah sajroning semadi, sira nuli tekan ing panunggal.

---

(1) pikajengipun sampun bingah sampun sisah, sampun remen sampun geting, sapanunggilanipun.

54. Aturipun Arjuna, Duh guru, punapa titikanipun tiyang ingkang sampun jejeg ciptanipun, tetep samadinipun, kados pundi panengeraning ucapipun, serta lampahipun kang santosa pikiripun wau.

55. Pangandikanipun Kresna. Heh atmajaning, Kunti. yen manungsa wus ambirat pepengine, lan wus marem ing ndalem Dat akarana Dat, iku arane wus tetep ing pikire.

56. Sing sapa pikire ora miris dening bilahi, lan wis sirna kapengine marang kabegjan, lan wus ilang pangongsa angsane, wedi lan kenepsonan, iku diarani (sukci) sujana kang santosa pikire.

57. Sing sapa anindaki sagunging panggawe, wus sepen kamelikan, sanadyan becik utawa ala tinemune, lan wus ora ngarepi lan ora ngemohi, pratonda wus tetep ciptane.

58. Lan sapa bisa nyandet kekarepane kaya dene bulus nggone mangkeretake gulune maring totoke, iku pikire wus santosa.

59. Yen apa kang dikarepake wus pisah saka jiwane kang santosa, mau, mung kari rasane, sanadyan rasane pisan iya bakal ilang, manawa kang Moha Luhur wis bisa ketonton.

60. Heh Arjuna, ubaling pancadriya bisa angobahake atine sujalma kang wus kawilang santosa lan wicaksana, pikir kang adreng mau bisane kawasesa.

61. Manawa deweke wus bisa anelukake iku, deweke tentrem, lan tunuju maring sun, sabab sapa kang bisa ngereh indriyane iya iku kang tetep budine.

62. Manungsa kang mung angengeti marang poncadriyane iku anuwuhake demene, saka demen anuwuhake melik, saka melik andadekake nepsu.

63. Saka nepsu banjur nasar, saka nasar sirna kaelingane, nuli sirna budine, amarga sirna budine wekasan tumiba ing papa.

64. Akarana pamasesaning Dat, enggone anggarap kang dikarepake sepen hawa nepsu lan geting, dadi tumindaking sedya wus katekukake, iku bakal tumiba ing katentreman.

65. Sajroning tentrem sirna sakehing prihatine, sing sapa wis ten-

trem pikire, batine nuli bisa timbang (ora bungah ora susah ora demen lan ora geting).

66. Budi iku ora dumunung kang ora nunggal, apa dene kasembadane dewe uga ora dumunung ana kang ora nunggal, sing sapa kang ora anetepi apa kang dadi gageyongane, sayektine ora tentrem, kapriye ing ngatase manungsa, bisa angrasa begja yen ora tentrem pikire.

67. Saba sing sapa anuruti kakarepane kang ngombra ombra, saka tinuntuning iki mau, amesti kawruhi larut, kaya dene prahu kumambang ing banyu katempuh ing prahara.

68. Mulane Arjuna, sing sapa amarga saka pangangkahe wus bisa mekak kakarepane iku deweke wus santosa pikire.

69. Wengine kang dumadi iki kabeh, ing kono tangine kang angayomi dene tangine dumadi ing kono wengine Kang Ngudaneni (ya iku Kang Maha Sukci).

70. Sing sapa karepane tansah lumebu kaya ilining banyu anjog sagara ora pisan pisan ambuludakake (lire gawa banjire sagara) iku kang wus tumuka ing katentreman, ananging dudu wong kang ngumbar pepenginan.

71. Manungsa kang wus amberat kamelikane lan wus sepi ing pepenginan, lan sepen ing hawa murka (ahangkara) iya iku kang wus tekan ing katentreman.

72. Heh Arjuna, iku kahananing Brahma, kang sapa tekan ing kono wus ora galuyuran, lan sing sapa tekaning patine, santosa pangikete marang bab mau, iku tumuju marang nirwananing Brahma.

Ingkang kawursita ing nginggil punika panunggal sarana sangkya ((kawrh utawi pangawikaning Brahma).

Wiraosan ingkang kaping tiga

1 Aturipun Arjuna. Bilih pangawikan paduka galih langkung lu-

hur tinimbang pandamel, punapa sababipun dene kula paduka loropaken dateng pandamel ingkang anggegirisi.

2. Pangandika ingkang ngodengaken manah, punika amung ambawuraken panampi kula, pramila mugi andawuhna pupuntonipun, kados pundi saged kula anggayuh karahayon.

3. Pangandikanipun Kresna. Ing ndonya iki sun arani ana dalan loro Arjuna, kaya kang wus dak warahake mau, iya iku saka panunggal asarana kawruh (sangkya) utawa nunggal asarana panggawe.

4. Manungsa ora bisa ngukup, yen ora nglakoni panggawe kang tan agawe sarta ora bisa sampurna saka lumuh ing panggawe.

5. Sabab sanadyan amung sawatara ora ana manungsa kang ora nindakake panggawe marga lakune kabeh iki ora kalayan kinarepake, wus kagawa saka wataking prakriti (wiji kang gumelar ing jagat).

6. Sapa sapaa sanadyan bisa amisesa panggawening pancadriyane, nanging pikire amung amburu kakarepane kang kliru, iku sinebut janma munapek.

7. Ananging sing sapa nelukake poncadriya lan pikirane, heh atmajaning Kunti iya iku sinebut bisa nunggal sarana panggawe, marga ora karem marang panggawene.

8. Sampurnakana nggonira anindaki panggawe bener, sebab iku luwih prayoga tinimbang ora tumindak ing panggawe, lan sira ora bisa rumeksa jasatira, yen ora nglakoni panggawe.

9. Kajaba panggawe kang marga saka kurban, ndonya iki tinalen dening panggawe, mula sampurnakna kahananing panggawe mau kalis saka karem.

10. Sawuse manungsa najekake kurban, pangan dikanipun Kresna (prayapati), sarana iku sira bisa anekakake kang dadi pangajapanira, iya iku sapi ngarep arep [1].

(1) Lembu ingkang saged ngedalaken punapa ingkang dipun pengeni.

11. Angaturna dadaharaning dewa (kurban), sarana kang mangkono para dewa bakal aparing pangan ing sira, iya sarana iku sira bakal bisa anggayuh karahayon kang linuhung.

12. Awit para dewa kang kinurbanan, bakal paring kasenengan kang dadi pangarep arepira, sing sapa ora sarana kang mangkono pamalesing marang sihing dewa ing deweke, iku tetep durjana.

13. Wong becik pada mbukti sisaning kurban, temahan luwar soka dosane, nanging wong ala, pangan iku kasadiyakake kanggo karepe dewe, iki diarani mangan piala.

14. Saka pangan ananing dumadi, saka udan ananing pangan. Saka kurban ananing udan, kurban iku jalaraning panggawe.

15. Kawruhana yen panggawe iku tuwuh saka Brahma lan Brahma saka langgeng, mulane Brahma kang rumasuk ing kahanan iki kabeh ana sajroning kurban.

16. Dadi sing sapa ora anut sajantraning laku, iku dosa ing uripe, sarta wong kang tansah angrerantam kasenengane, iku uripe tanpa guna.

17. Ananging sujana kang wus seneng ing ndalem Dat, deweke wus mardika, ora ana samubarang kang kudu digarap.

18. Tumrap deweke wus ora duwe piguna tumrap samubarang kang ginarap, lan kang ora ginarap, lan uga deweke ora maelu marang salah sawijining kahanan ing antaraning dumadi iki kabeh.

19. Mulane sampurnakna sagunging panggawe kang kudu linakonan, aja kongsi karem, sebab panindakking sawijining panggawe kang wus ora karem, iku saranane, manungsa anggayuh kang luhur dewe.

20. Sabab amarga saka panggawe, Janaka lan liya liyane bisa tekan ing kasamurnan, mangkono uga sajroning sira mider-mider milang miling nedya ngayomi manungsa, iya isih kudu nglakoni panggawe.

21. Endi kang linakonan deduwerane, iku bakal dadining ngakeh, dene ukur kang diturut iku bakal ditulad dening jagad.

22. Heh Prita putra (Arjuna) ing Tribawana iki ora ana apa-apa kang kudu tak sambut, lan ora ana gagayuhan kang durung kagayuh, ewa dene Ingsun isih nindakake panggawe.

23. Sabab yen ingsun ora mindeng nindakna panggawe, sugunging manungsa pasti pada anut ing salakuningsun.

24. Duh atmajaning Prita, alam iki bakal bisa sirna, yen ingsun ora anendakna panggawe. Yen mangkono ingsun agawe campuring bongsa kang sabanjure kabeh manungsa anemahi bilahi.

25. Heh tedaking Barata, kaya wong cubluk yen karem marang panggawe kang tinindakake, muga para wicaksana enggone nindake gawe tanpa karem, pangarep arepi panggawe mau amung dadiya kamulyaning jagad.

26. Muga aja kongsi ana para wicaksana kang ambawurake budine para para cubluk kang nindaki panggawe, marga saka kareme agawe, ananging para wicaksana kabeh panggawene anjalarana kasengseme para cubluk, lan saran bekti.

27. Saka lakune Prakriti anane kabeh panggawe banjur pada tumindak, marga soka watak anggane pribadi, mula banjur tuwuh pangakune yen deweke kang agawe.

28. Heh kang kawawa papa, sing sapa weruh beda bedane watek lan panggawe, angira lan ngakoni (watek dumunung ing ndalem watek), iku luwar saka badane.

29. Sing sapa kagawa wataking Prakriti kleru tumindaking lakune, iku pratonda karem marang watake. Sapa kang wus sampurna, aja agawe bingunging para cubluk kang durung sumurup marang kasampurnan.

30. Sagunging panggawe pasrahna maringsun, ciptaning tumanema ing Dat, kanti tampa pangarep arep lan pepenginan, majua perang sawuse sirna getering kamelikanira.

31. Manungsa kang anut pituduh ingsun iki, kanti pracaya ora semang semang iku wus luwar saka panggawe.

32. Ananging kang manggung semang semang lan ora anut pituduh ingsun mau, serta angluputake sakehing kawruh, sumurupa iya iku wong kang tanpa budi.

33. Wong wicaksana amarga bisa laras kambi watuke, ujute iya miturut watake, ing mengko kapriye mungguh panggawene pamurung.

34. Demen lan gegetinge marang pepenginan iku dumunung ing pancadriya, aja nganti ana sujanma kang mangkono, awit karo pisan iku mungsuhe.

35. Luwih becik anetepi kawajibane dewe (Darma), sanadyan durung bisa sampurna katimbang bisa anetepi kuwajibaning liyan, luwih prayoga mati saka enggone netepi kuwajibaning liyan, luwih prayoga mati saka enggone netepe wajibe dewe, katimbang wajibing liyan kang kebak pakewuh.

36. Aturipun Arjuna. Punapa ingkang andadosaken jalaranipun tiyang anglampahi dosa ingkang makaten wau, duh tedaking Wresni (sebutanipun Kresna), sanadyan tiyang sampun gadah sedya mboten purun, ewa dene teka pineksa kemawon.

37. Pangandikanipun Kresna, Iya iku kamelikan iya kanepson, wetune saka wateking rajas, anjalari nanduke tindak kang tan yekti, kawruhana yen iku mungsuh kita.

39. Heh Pandutanaya, kawicaksanan iku linimputan ing mungsuh kang kena binasakake langgeng, iya iku kang awujud kamelikan, utawa saka pangobare geni tanpa marem.

40. Diarani yen indriya, cipta lan budi iku padununganing rajas tamas, sarana iku anggone anasarake jiwa lan anasabi kawicaksanan.

41. Sawuse sira anelukake indriyanira, nuli sirnakna kang dadi pangrusaking kawicaksanan lan kawruh.

42. Ing layang kitab Uphanishat, muni : manawa indriya iku sanduwuring badan, sanduwuring indriya pikiran, ananging sandu-

wuring pikiran iku budi, dene sanduwuring budi iya Panjenengane.

43. Manawa Panjenengane mau luwih gede saka budi, lan pribadine winasesa ing Dat, heh Pangrurahing satru, panitining mungsuh kang awujud kamelikan iku ora gampang.

Piwulang ingkang kasebut ing nginggil punika winastanan panunggal asarana pandamel.

Wiraosan ingkang kaping sekawan

1. Pangandikapnipun Kresna. Piwulang panunggal wus ingsus wedarake marang Wiwaswan, Wiwaswan marah marang Manu, apa dene Manu kang anggelarake piwulang mau marang Iswaku (1).
2. Heh pangrurahing satru, tumimbal timbaling piwulang iku jalarane para wicaksana wuninga marang panunggal, nanging piwulang panunggal mau wus silep suwe.
3. Kang sun warahake marang sira iki, ora ana bedane karo piwulang panunggal ing jaman kina, awit sira pareg lan ingsun, utawa manjing mitraningsun, sajatine iku wawadi kang luhur dewe.
4. Aturipun Arjuna. Kula ngantos mboten saged andugi ing pangandika paduka, awit paduka sajarwa bilih miyos paduka ingkang miwiti medaraken piwulang wau, mongka miyos paduka kawon rumiyin daening Wiwaswan.
5. Pangandikanipun Kresna : Pirang tuminbalan kang wus sun lakoni ing nguni uni, apa dene sira Arjuna, Ingsun bisa weruhi kabeh, ananging sira ora bisa nyumurupi kang mangkono iku.

---

(1) Asma asma ingkang kapratelakaken ing ngenggil punika, jujulukipun para narendra tekading surya.

6. Sanadyan ingsun ora manjalma, iya june neng Dat kang langgeng, utawa gustining dumadi kabeh, mangkono uga sanadyan wus mangreh praknitingsun pribadi, ewa dene iya kalahirake kang marga saka mayaningsun dewe.
7. Heh tedaking Barata, sabab saben saben darma iku kendo, utawa wudaring darma saya andadra, pribadiningsun nuli sun utus manjalma.
8. Kang marga perlu angayomi kabecikan, lan angrurah pihalane siangkara murka, mula ingsun iya bakal manjalma maneh marambah rambah.
9. Sing sapa weruh kamulyaning manjalma lan panggaweningsun Arjuna sawuse aninggal ragane, iku kang bisa tekan maringsun, ananging ora linahirake maneh.
10. Para kang anyirnakake angkara wedi lan kanepsone, tansah angelingi ingsun, lan ambiyantu maring ingsun, sarana bantering pangudi (tapa) [1] sarta sesuci, lantaran kawicaksanan, ing kono tekan ing kahananingsun.
11. Heh atmajaning Prita, sapira manungsa enggone nyedaki Ingsun, pasti yen samono nggoningsun anampani deweke. Sakehing dalan kang liniwatan ing manungsa songka sarupaning kiblat, iku saka Ingsun.
12. Sing sapa kapengin sampurna, sajroning panggawene akurbanna marang Dewa, amarga ora sawatara suwe bakal tekan mangsane, doyane manungsa iki sampurna saka panggawe.
13. Bangsa papat pisan [1], iku saka Ingsun pinangkane, marga saka bedaning watak lan panggawe, weruha yen kang andadekake mau Ingsun, sanadyana ora nglakoni panggawe utawa ora owah gingsir.
14. Ingsun bakal ora anindaki panggawe, apa dene ing ngatase ingsun, ora kapengin marang wohing panggawe, sing sapa nga-

(1) Mbok manawi pikajenganipun tapa brata.

(1) Inggih punika Brahmana, satriya, wisya tuwin sudra.

wruhi Ingsun mangkono, iya iku kang wus oran kabonda dening sarupaning panggawe.

15. Marga wong ngatuwa tuwa kang pada kumacelu ing kamardikan, marmane pada nyampurnakake panggawe, mula sira nyam purnakna panggawe, kaya lekase para pinituwa ing jaman kuna
16. Endi kang ingaran panggawe, lan endi kang diarani ora nindake panggawe, sanadyan para winasis, pada bingung panampane bab iku, mulane ingsun redya merangake panggawe marang sira sarana meruhi iku, sira bakal ruwat saka piala.
17. Sabab panggawe kudu disumurupi bedane, panggawe kang dudu, uga kudu wineruhan bedane, apa dene ora anindaki pang gawe iya kudu diweruhi bedane, angel sinau nyumurupi lakune panggawe.
18. Sing sapa sumurup bab panggawe tanpa agawe, lan kang tanpa gawe, nanging nyambut gawe, iku wong wicaksana, iku wus ngumpul dadi siji, sanadyan deweke anindakna sadengah panggawe.
19. Sing sapa sakehing lekase panggawene wus sepi ing kamelikan, sing sapa panggawene tinunu ing geni kawicaksanan, para sarjana kang ngarani iku wong wicaksana.
20. Sawuse ora melik marang wohing panggawe lan tansah narima, sarta ora nedya ngupaya pangayoman liya, iku deweke ora manggawe, sanadyan nambutgaweya.
21. Yen batine wis ora ngarep arep, amambeng kakarepane dewe, sarta sawuse anglilakake sadengah kang migunani deweke, sana dyan badane nindaki panggawe iku wus kalis ing dosa.
22. Panarima kang tinemune sarana kang mangkono mau lan wus ora duwe sisihan kang kosok bali, ora drengki, lan wus nganggep begja utawa cilaka pada bae, deweke sanadyan nindaki panggawe wus ora kabonda.
23. Sadengaha bae sing sapa kareme wus sirna, iya iku kang maridika, iya iku kang ingaran mindeng pangudine, deweke ruwat saka sagunging panggawe.

24. Brahma kang nganake kurban, iya Brahma kang dadi pangan kang dianggo kurban, geni kang kinurbanake dening Brahma iya marang Brahma, paraning manungsa kang demadi marang Brahma, iya uga marang Brahma.

25. Para anglakoni panunggal pada kurban marang Dewa, ananging liya liyane pada ngurbanake ana ing genining Brahma.

26. Pira pira kang pada kurban pangrungu, liyane pamambeng indriya, liyane maneh akurban swara, lan sarupane kang magepokan indriya ana ing genining indriya.

27. Ana maneh kang kurban pakartining indriya lan pakartining ngurip, sarana angurubake geni panunggal, ana dalan masesa pribadine.

28. Ana maneh kang akurban kasugihan, kurban banter pangudi (tapa brata), kurban panunggal, lan kurban pangudi lan kawicaksanan, sarta setya marang sedyane.

29. Liyane maneh kurban nyerot napas, sajroning ngetokake napas utawa ngetokake napas sajroning nyerot napas, utawa ngampet lebu wetune napas, utawa nglakokake sajroning megeng napas.

30. Kajaba iku ana kang kurban cegah pangan, akurban napase urip ing sajrone Gusti, kabeh mau wus sampurna kurbane, lan wus angruwat dosa sarana kurban.

31. Wong kang ngombe banyu urip, utawa mangan sisane kurban, iku lumaku tunuju ing kalanggenganing Brahma, donya iki ora kasadiyakake marang manungsa kang ora agawe kurban, heh Arjuna kapriye mungguh liyane.

32. Mangkono sarananing kurban kang sinajekake marang Brahma, kawruhana manawa sagunging kurban iku ajalaran panggawe, yen sira meruhi iku mau, sira bakal antuk pamudaran.

33. Kang luwih prayoga saka kurban samubarang kang maujud, iya iku kurban kawicaksanan, ora nganggé pinilah salwiring pangga we iku bisa ruwat ing ndalem kawicaksanan.

34. Angudiya kawruh mau kang kongsi ketemu, sarana sinau sarana niniteni utawa anglakon, para wicaksana kang wus ora kasa-

maran bakal aweh pituduh kawicaksanan ing sira.

35. Yen sira meruhi iku, sira ora bisa kasasar maneh, heh Pandutanaya, sarana mau sira bakal weruh sagunging dumadi ing ndalem Dat, utawa sarana Dat sira bakal meruhi kahanan Ingsun.
36. Sanadyan pidosanira ngungkuli parupaning wong kang nandang dosa asarana pra kawicaksanan, sira bakal bisa angliwati samodraning piala.
37. Kaya dene geni angobong kayu nganti dadi awu, heh Arjuna mangkono geni kawicaksanan ambrasta sakehing panggawe.
38. Karana ing kene wus ora ana maneh kang utamane ngungkuli kawicaksanan, sawuse anglakoni panunggal kongsi samekta, ing kono bakal tenenmu dewe sasana ing ndalem Dat.
39. Sing sapa darbe piandel, sing sapa nganggep, luhur dewe, lan sing sapa nyegah kekarepane, bakal antuk kawicaksanan, yen deweke wus anduweni kawicaksanan, ora antara suwe bisa tekan ing katentreman kang linuhung.
40. Para cubluk tansah semang semang lan manggung ora pracaya, iku deweke bakal bilai, sanadyan ing kana kene (ndonya akerat) ora ana kabegjan kang kena dinarbe marang kang asemang semang.
41. Duh risang unggul lawan kasugiyan, sing sapa anglilakake sakehe panggawene sarana panunggal, semang semange wus kaberat ing kawicaksanan, iku kang wus amengkoni ora ana panggawe kang bisa ambonda ing deweke.
42. Mulane sawise mentas saka balilune, lan angruwat semang semanging ngati sarana pedang kawicaksananing Dat, sumungkuwa ing panunggal, Arjuna : mula ngadega.

Ing kawedaraken ing nginggil punika, panunggal sarana kawicaksanan.

Wiraosan ingkang kaping gangsal

1. Aturipun Arjuna. Duh Sri Kresna. Mugi paduka aparinga pite-

dah ing kula, ing ngatasing panunggal kalih pisan wau sami paduka luhuraken, pundi ingkang langkung prayogi tinimbang seleh ing pandamel (1).

2. Pangandikanipun Kresna. Seleh panggawe lan panunggal sarana panggawe karo pisan iku lantaraning karahayon, kang linuhung ananging seleh panggawe iku kasor dening panunggal sarana panggawe.
3. Sira kudu sumurup kang diarani tukang seleh panggawe, iku kang wus ora demen, utawa ora nduweni geting, marga wus ora duwe sisihan kang kosok bali, heh Arjuna, iya iku kang diarani nyampeti luware saka pawarangkan.
4. Sakeh ingkang pada nggegulang sangkya, utawi siswaning panunggal, iku durung wicaksana, sing sapa tetep lakune ing salah sawijine iku ora suwe angunduh wohing laku rong rupa mau.
5. Padunungan kang kena ginayuh dening para mangolah sangkya uga kena ginayuh dening para ulah panunggal, sing sapa nganggep sangkya lan panunggal iku pada, iya kang waskita (kang bener).
6. Ananging Arjuna, seleh panggawe iku ora gampang bisane kaga wuh, yen ora sarana panunggal. Para sukci kang wis dadi siji asarana panunggal mau, ora suwe bisa tekan ing Brahma.
7. Sing sapa sarana panunggal dadi siji, sing sapa manasse wus sinukcenan, kang sapa angendak kahananing ponca driyane, karepe saka pamasesaning Dat, wis amadakake Dat, eDate sarupaning dumadi sanadyan deweke amanggaweya wis ora karegedan.
8. Para kang wus anunggal, lan wis andulu sajati, sanadyan makar tiya nanging wis ora kalepetan panggawe, Sajroning ndulu, ngrungu, ngrasa, ngambu, mangan, lumaku, turu, ambegan.
9. Sajroning muni nyekel, melek , merem, tansah anganggep poncandriya, iku dumunung ana ing poncandriya bae.

MILIK KEPUSTAKAAN DIREKTORAT TRADISI DITJEN NILAI BUDAYA

(1) Ingkang sampun ngipataken kadonyan kados para biksu utawi samana.

10. Sing sapa manggawe sajrone nindake panggawe mau, pasrah ing Brahma, lan sawuse kareme, rinuwat, iya iku kang wis kalis ing piala, kaya roning tunjung kang kataman ing banyu.

11. Para kang ulah panunggal, sanadyan anindaki panggawe kalayan badane, budine, pikire, dalah poncandriyane, ewa dene panggawene mau, amung kangge anenuci manasse.

12. Para kang wus dadi siji, iya kang wus anglilahake wohing panggawene, iku kang anggayuh katentreman sajati dene wong kang ora semadi marga kagowa pameksane kamelikan, saka karem marang wohe panggawe iku kang kebonda.

13. Sawuse pikire lan panggawene linilohake, kang manuksma ing badan banjur jemjem lenggahe sajroning kuta kang agapura sanga (raga) wus ora makarti uga ora anjalari makarti.

14. Gusti ora anganakake pakaryan lan panggawe ing ndonya, uga ora anganakake sarupaning panggawe lan wohe, ananging pinek sa dening wateke panggawe dewe.

15. Gusti ora anampani piala, serta saka kabecikaning manungsa. Kawicaksanan iku binalebet ing kabodoan, iya kabodoan kang anjalari kasasare para kang kena ing pati.

16. Ananging sing sapa amarga saka kawicaksananing Dat, temahan ora anindaki kabodoan. Iya kang ambangun kawicaksanane, iku banjur sumorot kaya dene diwangkara.

17. Sing sapa pikire geleng marang ing Dat, kang sapa pribadine asa sana ing Dat, sapa kang pangayome marang Dat, iya iku kang lunga wus ora bali maneh, iya deweke kang wus angruwat dosa ne sarana kawicaksanan.

18. Brahman (Brahmana), iku kadunungan kawicaksanan, miwah kasusilan, lan para wicaksana panganggepe marang sapi, gajah, asu lan pariyah [1], mestine pada bae.

19. Sing sapa pikire jenjem lan santosa, iku bisa ngasorake ndonya. Sarehning tanpa kuciwa lan timbang iku Brahma, mulane sa-

---

(1) Swamaka bongsa asar (tiyang wannan).

rana kang mangkono manungsa bisane sasana ing ndalem Brahma.

20. Marma para sujanma kang ameruhi Brahma, aja pada bungah yen antuk kabegjan, ananging uga aja susah yen nandang kasangsaran, manawa sajroning budi wus santosa lan wus ora kengguh deweke wus dudunung.

21. Sing sapa manase wis ora makarti, sanadyan kagepok dening alaming kalahiran, lan kang sapa wis antuk pamarem ing ndalem Dat, lan sawuse bisa dadi siji lan Brahma, sarana patrap panunggal iya iku kang antuk kamulyan langgeng.

22. Sabab kasenengan kang anane saka gepokan lan kalahiran, iya iku tukking kasangsaran, awit ana wiwitane lan wekasane, heh Pandu putra, iku dudu kasenengane para wicaksana.

23. Sing sapa kongsi bisa lumawan pamasesaning pepenginan lan kamurkan, prelu kanggo kamardikanning badan, sajanma kang mangkono wus ngadil, iya iku kang diarani kamulyan.

24. Sing sapa andarbeni kamulyaning batin,lan anduweni kasenena anning batin, kang sapa wus antuk papadanging batin, iya iku kang wus dadi siji (nunggal) banjur tumameng nirwananing Brahma.

25. Para Rihis (para waspada utawa narawang) [1] sawuse pada angruwat dosane lan anyirnakake lorone (muhung satunggal), lan wus mangreh manase asor, deweke antuk nirwananing Brahma, banjur mangun karahayoning dumadi kabeh.

26. Ingatase para banget pamarsudine marang kasucian, kang wus bisa ambuwang kamelikan lang pangongsa angsane, sarta angilangi kekarepane, iya iku kang sumurup yen anggone wus dumunung ing sacedaking nirwananing Brahma.

27. Sawuse anutupi babahan hawa sasanga, lan pandulune meleng tumuju marang antaraning alis karo pisan, sawuse madakake lebu wetuning napas [2], kang mobahing swamipani (kipingi), grana karo pisan.

---

(1) Resi

(2) Punika mbebayani sanget bilih lekasipun anyobi mboten mawi pituduhing panuntun.

28. Lan angleremake poncandriyane pikire lan budine, lan panggayuhe pamudaran wus ilang pangarep arepe. Apa dene wedine lan murkane wus sirna babar pisan, sujanma sukci kang mangkono mau, sayekti bisa mardika.
29. Sawuse meruhi Ingsun, kaya dene juru karem ing kurban, lan sereng ing pangudi (tapa brata), serta pangeraning alam kabeh, lan kaya mitrane sagunging dumadi, iya deweke kang manjing ing katentreman.

Piwulang ngajeng wau panunggal sarana seleh pandamel.

Wirosan ingkang kaping nem

1. Pangandikanipun Hresikesa. Sing sapa wus ora karaket marang wohing panggawene kang kudu sinambut, nalika nindaki panggawe, iku juru seleh panggawe, utawa yogi (para olah panunggal) nanging dudu kang ora nganggo geni(1), utawa kang ora nindaki panggawe.
2. Kang diarani manungsa wis seleh panggawe samurupa iya iku sujanma kang anunggal, 0 Pandu suta, sabab sapa kang wus ora kengguh angrungkebi kang dadi kakencengane, iya iku kang sinebut yogi.
3. Ing ngatase para tapa kang anggayuh panunggal, ngarani yen panggawe iku piranti, ananging deweke yen wus tekan panunggal, banjur ngarani yen tentreme ngati iku pirantine.
4. Awit manawa sujanma wus ora katarik kahanane poncandriyane utawa panggawene, nalika wus anyirnakake kakencengane, nuli kena diarani wus anggayuh panunggal.
5. Prayogane manase asor bisa sukci dening Dat, ananging aja tinindes mudun, sabab satemene Dat iku mitrane manas, ananging uga dadi mungsuhe.

---

(1). Para juru seleh pandamel, mboten medahaken latu kurban, nanging tiyang ingkang nirokaken makaten (medahaken latu kurban) sanes juru seleh pandamel.

6. Kang diarani manase asor iku mitrane Dat, iya iku sing sapa manase wus kasor dening Dat, ananging manawa manas asor iku sadurunge kasoran iya iku mungsuhing Dat.
7. Sing sapa wus bisa murba masesa pribadine lan wus tentrem, lan wus ora ambedakke adem lan panas, begja lan cilaka apa dene pangaji aji lan kawirangan, iya iku wus pada karo Dat.
8. Yen pribadine wus marem dening kawicaksanan, miwah kawruh, wus ora kengguh dening goda, wus anelukake poncandriyane, yen deweke wus nganggep lempung lan watu pada bae karo mas, iya iku ingaran yogi kang wus nunggal.
9. Sapa kang wus ora mbedakake marang kekasih mitra mungsuh, sarta wong liya, apa dene sanak lan kulawargane, kang geting marang deweke, becik lan ala wus pada bae iku kaluhurake.
10. Prayoga para yogi aja kendat anacakka amrih nunggal, lan manggona ana panggonan sepi lan ijen, cipta lan manase kabirata, tanpa pangarep arep, lan kepengin raja darbe.
11. Lungguha ana palinggihan, ing papan kang sukci kang maligi kanggo nglakoni mangkono, aja duwur aja endik, lan dilelemekana jejarik lulang sarta suket kang sukci.
12. Sawuse ciptane geleng tumuju sawiji kalayan angreh cipta lan poncandriyane tulusa mangkono, nuli anggangkaha nunggal kongsi manase kasunbadan sukci.
13. Henengena awak gulu lan sirahe, aja nganti obah, mindenga pandulune marang pucuking irung, lan aja pisan pisan ndeleng liyane panggonan.
14. Linggiha lan manasmu kang jenjem, aja melang melang lan dikenceng semanggeme marang Brahma sira,[1] Kalayan ciptane kang wus teluk, amung ngelingana ingsun, yen angangkaha Ingsun kalayan tanduk kang timbang.

---

(1) Tiyang Hindu nalikanipun sinau pratignya bade miturut
Utawi bade mboten anerak punapa ingkang dados pepaleni-

15. Para yogi kang ciptane ora pegat pangikete marang Dat, kanti masesa pikire, iku bisa tumeka ing katentreman, ing Nirwana kang luhur, banjur dedunung ing sajroningsun.

16. Heh Arjuna, mungguh panunggal ora kena ginayuh marang wong kang kakeyan mangan, uga marang wong kang tanpa mangan, utawa ora ginantungake marang wong kakehan turu, uga ora marang wong kang tanpa turu.

17. Panunggal iku bisa ambirat kasangsaran, ananging manawa wong iku sedhengan mangane, sedengan kasenengane, sedengan anggone nglakoni panggawe, utawa sedeng turu lan melike.

18. Manawa kahananing pikire kang wus takluk, iku wus dedunung ing ndalem Dat, ora ngarep kamelikan, banjur sinebut deweke wus dadi siji.

19. Kaya dene damar kang kinurung mesti yen ora bisa keder uripe, mangkono pepindane yogi kang ciptane wus tinelukake, iku yogi kang ngangkah nunggal lan Dat.

20. Ing kono ciptane wus ora kumlambrang, pinekak dening pakartining panunggal, ing sajroning Dat dinulu ing Dat, iku bisane tentrem ing ndalem Dat.

21. Ing kono deweke wuninga marang kamulyan kang tanpa wekasan, lan sumurupe yen budine wus dumunung sak uduwuring indriya, ing nalika iku deweke antuk kamulyan kang ora owah gingsir.

22. Tuwuh ciptane yen wis ora ana kamulyan ngungkuli iku, lan wus ora kamunasika dening kasusahan.

23. Kudu disumurupi luware saka tetaline kasusahan, apa dene kang diarani panunggal, panunggal iku kudu beberengan lakune kalayan kawruh kang nyata, sarta ora kuwur atine.

24. Sawuse pepeninginane sirna kang tuwuh saka panggagas, amekak sarupaning indriyane.

25. Suwe suwe bakal antuk katentreman, jalaran budi lestari kenceng pamekake, sawuse pikire linebokake marang Dat,

deweke nuli aja mikir apa apa maneh.

26. Saben ciptane `anglambrang, lan ora santosane mau nekani banjur dipekak kang sarana wasesaning Dat.

27. Kamulayan kang luhur iku kadarbe juru anunggal kang pikire wus tentrem, sing sapa kamurkane wus lerem, iya iku kang wus dadi Brahmana wus ora anandang dosa.

28. Manawa manase tansah timbang, iku juru panunggal, bakal ruwat sagunging dosane gampang bisane gambuh lan Brahma, iya iku kamulyan kang tanpa wekasan.

29. Amarga manase wus dadi siji kagawa saka panunggal, deweke weruh Dat iku sasana ing sadengah wujud, lan kabeh kahanan aneng ing Dat, ing kono deweke weruh yen ing ngendi endiya yekti pada bahe.

30. Kang sapa meruhi Ingsun ana ing ngendi endi, lan weruh kabeh ana sajroningsun, sujanma kang mangkono iku wus ora kaelangan Ingsun. Ingsun uga wus ora kaelangan deweke.

31. Sing sapa adedunung ing dalem kang asipat Esa, ngluhurake Ingsun ana sajroning kahanan kabeh, sanadyan uripe kaya apa bae iku sejatine yogi kang urip sajroningsun.

32. Sing sapa kang amarga wus sampurna kawruhe ing ngatasing Dat, satemah ora ambedakake sawiji wiji, nadyan begja lan cilaka wus kaanggep pada, lah Arjuna, yaiku yogi kangwus dianggep sampurna panunggali.

33. Aturipun Arjuna.
Panunggal ingkang paduka terangaken punika sarananipun kedah timbang pikiripun, duh Kesawa, (aturipun dateng Kresna) kula mboten gadah wewaton ingkang santosa, amargi semang semang.

34. Sabab pikiran punika mboten gadah kendel, menggah kesit saha karosanipun, o, Sri Kresna, sangking angelipun, pangraos kula prasasat anjaring angin . . . . . .

35. Pangandikanipun Kresna.
Duh atmajaning Kunti, wus ora takon maneh angele angereh

pikiran, sarta ngenengake getere mau, ananging sarana tansah sinau lan ora pradulen, kadunyan iku Arjuna bakal kaleksanan kawasesa.

36. Sadurunge manas kena diereh, pangaraku angel kanggo sarananing nggayuh panunggal, ananging manas kang wus kawasesa, iku gampang bisane anggayuh.

37. Aturipun Arjuna.
Manawi sanes tiyang tapa (tumemen ing pangudi) ananging anggadahi pitados, amung kemawon pikiripun angambyang ambyang utawi tiyang ingkang dereng sampurna panunggilipun, duh guru (aturipun dateng kresna) piyambakipun punika nika medal margi ing pundi.

38. Punapa lampah kalih pisan wau mboten anjalari cabaring panggayuh, jalaran mboten gadah santosa, teksih ngombra ombra, kadi dene lampahing mega, pukulun, punapa pyambakipun punika mboten murang margi ingkang dateng Brahma.

39. Duh Kesawa, (jujulukipun Kresna) punapa paduka karsa anggalih icaling semang semangipun manah kula punika, sanesipun paduka sampun saestu mboten wonten ingkang saged anyirnakaken.

40. Pangandikanipun Kresna.
Heh kekasihingsun prita putra, sanadyan samengko utawa ing tembe lekase iku ora bakal sirna, sabab sadengaha kang nindaki panggawe becik pasti ora metu ing dalan kasangsaran.

41. Sawuse para anglakoni kabecikan tumeka papane, lan maatus atus tahun ana ing kono, manungsa kang wigar panunggale iku lahire ing tembe bakal dinadekake wong mulya lan sukci.

42. Utawa deweke uga linahirake ing antarane kula warga yogi kang wicaksana, kalahiran kang mangkono iku samengko ora gampang bisane tenemu ing donya kane.

43. Heh tedaking Barata, ing kono deweke bisa oleh sambungan lan kawruhe badane kang wus kadarbe ing nguni lan banjur ambacutake pangangkahe marang kasampurnan.

44. Deweke mesti ora kena kasalewengake, kagawa saka pangudine amung mangungset marang panunggal, kang wus kapungkur. Deweke angungkurake tetembunganing Wedda, sabab adedalan panunggal.

45. Para yogi kang wus luwar saka ing dosa, saka karepe tumimbal lahir banjur seru pangudine marang kaluhuran.

46. Kang bisa luwih luhur saka para tapa utawa luwih luhur saka kawicaksanan, lan luwih unggul saka ing panggawe iya iku mulane sira dadiya yogi Arjuna.

47. Para yogi kang Date bisa tumameng ingsun, kang angluhurake lan pracaya maring wang, iku sun anggep yogi kang luhur dewe.

Ingkang kawasita ing nginggil wau panunggal sarana amasesa pribadinipun.

Wiraosan ingkang kaping pitu

1. Pangandikanipun Kresna.
   Heh Prita Putra, piyarsalna : lan pikirira tumujua maring sun, sampurnakna panunggalira. Manglindunga maring sun, lan kepriye lakune supaya sira bisa nyumurupi kahananingsun, satuhune kang kalayan ora semang-semang.
2. Kaweruh lan kawicaksanan iki, bakal Sun warahake marang si ra kabeh yen sira wus meruhi iku, ora ana liyane maneh kang perlu kudu sira sumurupi.
3. Ing antarane manungsa sewu amung siji, kang tetep pangudine marang kasampurnan, lan ing ngantarane sujanma mulya se-

wu kang pada mangudi, iku iya amung siji kang kasembadan weruh kahananingsun kang sejati.

4. Bumi, banyu, geni, hawa, amunamun (eter) pikiran, apa dene budi sarta kamurkan, iku wolung perangan saka prakritiningsun.

5. Iku mau kang asor. Kaweruhana prakritiningsun liyane kang luhur, iya iku kahananing peperanganing urip kang ayongga donya iki.

6. Sumurupa kabehing wujud iku pinangkane saka sakarone mau, Ingsung kamulane, mangkono uga kabeh iku bakal mulih marang Ingsun.

7. Kang luwih luhur saka Ingsun, wus ora ana maneh, lan kang unggul lawan kasugihan, kabeh mau tumurun gegandengan lawan Ingsun, kaya dene mutyara kang rinonce ing benang.

8. Heh atmajaning Kunti. Yen banyu Ingsun iki telese, yen surya candra Ingsun padange, yen layang Wedda Ingsun tembunge kang sukci (Om) yen amunamun (eter) Ingsun swarane, yen manungsa Ingsun manungsane sejati.

9. Yen bumi Ingsun gandane arum, yen geni Ingsun urube, yen sakehing dumadi Ingsun kang urip aneng njerone, yen para tapa Ingsun serenge pangudine.

10. Duh Pandu suta, sumurupa yen Ingsun wiji langgeng, iya wijine dumadi kabeh budi kang pinaringake ing manungsa iku ya Ingsun, dene yen urup Ingsun prabane.

11. Heh bebantenging jagad, kekiyataning wong rosa, kang wus kalis saka kamelikan, lan kamurkan, iku iya Ingsun, pepenginan marang darma (kabecikan) kang ora sarosa ngesuk ana ing jerone kabeh kahanan, iku Ingsun.

12. Lan kawruh ana wewatekaning sattwam, rajas lan tamas, iya saka Ingsun, ananging Ingsun ora munggeng sajerone telu iki mau, telu pisan iku ana sajroningsun.

13. Kang marga saka sinasarake, wewatekan kang tumuwuhe sa-

ka katelune mau, ing donya iki ora ana kang weruh maringsun, kang aneng saduwure iku Kang Langgeng.

14. Sabab linuwinh maya(1) kang saka Ingsun, kang marga saka wewatekan katelu mau bisane katarabas, sing sapa bisa tekan maringsun, iya kang wus bisa angliwati maya.

15. Manungsa kang anindaki panggawe ala, para sasar, para asor, kang kawruhe wus kerut ing maya, iku ora tekan maringsun, mung dumunung watek Asura(2).

16. Wong becik kang mengku watak patang warna iya iku Arjuna wong prihatin, kayungyun marang kawicaksanan, wong kang melik ndarbeni (kang adi) lan wong wicaksana iku angluhurake Ingsun.

17. Heh bebantenging manungsa, papat mau mung wong wicaksana kang tansah bekti marang kang sipat Esa, iku kang prayogo dewe, karana Ingsun iki banget tresna marang para wicaksana, lan deweke iku asih maringsun. . . . . .

18. Kabeh mau pada becike, nanging mung kang wicaksana dak anggep kaya ingsun dewe, saba deweke asarana Dat wus dadi siji, sasana ing jeroningsun, iku gegayuhan kang luhur.

19. Sawuse manjalma marambah rambah tumrap wong kang kasinungan kawicaksanan iku tekan maringsun, deweke muni : kabeh iku Wisnu : Sang Mahatma angel tinemu kabeh.

20. Sadengah wong kang kawruhe wus korup dening kamelikan, banjur goleh pangidepan liya lan miturut apa pranatane, temahen pineksa dening dasaring watake dewe.

21. Para bakti kang ngupaya Pangeran sanadyan wujud apa bae kang perlune kaluhurake, deweke dak paringi teteping piyandele

22. Deweke darbe pangarep arep kanugrahan kang amargo saka pi-

---

(1) kang cidrâ utawa kang ñasabi.

(2) Sura tegesipun dewa : Asura, mboten andewa.

yandele, nggone kaleksanan apa kang ginayuh, amarga Ingsun kang amaringake.

23. Ananging ora liya mung amburu wohe, iku wong kang rupak budine, pasti yen dadi jawata wong kang angaji aji dewa, mangkono uga wong kang angangkah dadi siji lan Ingsun, iya tekan maring sun.

24. Wong kang tanpa budi nganggep Ingsun iki ora gumelar, marga deweke pada ora sumurup duwuring wewatekaningsun, iya iku kang langgeng lan luhur.

25. Ingsun ora kadulu dening sadengah, sumimpen aning sajroning mayaning samadi, para sasar ing ndoya iki ora sumurup Ingsun, mulane diarani ora lahir lan ora gumelar.

26. Ingsun weruh kahanan kang wus kapungkur, samengko lan ing tembe, heh Arjuna, ananging ora ana kang weruh maringsun.

27. Marga winutakake dening sisihan kang kosok bali kang dumadi saka ngarepi lan anampik, heh tedaking Barata, mula sakehing dumadi pada kasasar.

28. Ananging sakahing sujanma kang panggawene sukci, iya kang wus ruwat dosane, deweke kalis dening panuntuning sasar, angluhurna Ingsun lan teteping sasanggemane.

29. Sing sapa angudi luware saka tuwa lan pati, mongka panglindunge maringsun, deweke kan weruh yen Brahma iku pribadi kan luhur, (Adiyatma) iya kadadehaning pakarti (karma).

30. Sapa kang sumurup marang Ingsun, lan Adiyatma kalayan sipate kang luhur, iya Gusti Kang Maha Luhur (Adidaiwam) lan kurban kang agung (Adiyana), lan santosa pikire, sujana kang mangkono ing nalika pecating pati weruh maringsun.

31. Ingkang kawahyan mau piwulang panunggal asarana beda ning kawruh.

wiraosan ingkang kaping wolu

1. Aturipun Arjuna.

Brahma Adiyatma, karma, tuwin purusa punika punapa, pundi ingkang nami abubatam, tuwin ingkang winastan Adidaiwam.

2. Duh pangrurahing madu, sinten utawi punapa Adiyana wau wontenipun ing jasat punika, makaten ugi kawontenan paduka ingkang bade kasumerepan, dening sujanma nalika pecating pati, utawi sujanma ingkang Datipun sampun kawasa.

3. Pangandikanipun Kresna.
Kang langgeng iku Brahma, yaiku Kang Maha Luhur, wateke pribadi iku kang ingaran Adiyatma, kurban kang anjalari lan kang nganakake dumadi iku kang sinebut karma (kadadeyaning pakarti, utawa angger anggering jalaran).

4. Adibutam iku kang watak owah gingsir, Adidaiwam iku Purusa, dene Adiyana anane ing raga iku Ingsun.

5. Sing sapa pamancate marang pati angelingi Ingsun, yen deweke bakal tekan ing kahananingsun, kang mangkono mau wus kena tinamtokake.

6. Hehe pangrurahing satru, manungsa kang angengeti apa bae, yen deweke tekan mangsane aninggal ragane iya tekan kang den engeti mau, marga kaya dene wus kaangkuh suwe bisane mrono.

7. Marma tansah angelingana Ingsun, pikir lan budinira gelengna maringsun, wus mesti sira bakal tekan Ingsun.

8. Kalayan pangestine ora pedot anggone amusti, lan dadi siji amarga saka panunggale, sarta ora ngengeti liyane maneh, deweke tekan ing Purusa.

9. Sing sapa anganggep kang minulya kang ngudaneni, kang reh iku luwih lembut tinimbang swasana (atum) lan kang rumeksa kabeh iki, kang rumeksa kang ora kena kinira, kang rumeksa sang sunaring surya.

10. Ing nalika pecate, (oncatipun saking wadag) pikire bisa eneng, sarana bakti dadine siji, lantaran dayaning panunggal, napasing

urip ingurip aneng antaraning alis kiwa tengen, iya iku kang tumeka ing Purusa kang mulya lan kang luhur mau.

11. Mungguh kang diarani langgeng para ahli layang Weda, iya ing kono padunungane para sereng ing pangudi lan kang wus luwar saka kamurkan, hawa kang dadi pangarep arepe sujanma, kang sanggem bakal tetep sumanggeme marang panyengah, dalan iku nedya sun terangake marang sira kalayan reringkesan

12. Kabeh lawang(1) kaineb, pikir kinunciya sajerone batin, napasing urip kadunungna ing sirah kalayan santosa pangangkahe nunggal.

13. Angucapa, Om, tembung sawanda asmaning Brahma, angengetana Ingsun, uncate, deweke saka ing ragane, nulya tumuju marang gegayuhan kang luhur.

14. Sing sapa ora ngelingi liyane, kajaba angelingi Ingsun, tumrape sujanma mau ora rekasa tekane maringsun, duh atmajaning Prita, iya iku wus dadi yogi.

15. Samongsa sujanma mau wus tekan maringsun, banjur entuk darajating Mahatma, wus ora linahirake maneh, iya papan palungguhaning kasusahan lan kang ora langgeng, deweke wus anggayuh kasampurnan kang luhur.

16. Heh Arjuna, lunga lan tekane kang gumelar iki kabeh saka alaming Brahma, Ananging atmajaning Kunti, sing sapa wus tekan Ingsun, iya wus ora lahir maneh.

17. Sujanma kang weruh rinane Brahma, kang rampunge yen wus sewu yoga (jaman) lan wengine kang uga nganti sewu yoga lagi rampung iya deweke kang weruh rina lan wengi.

18. Saka ora gumelar, iya kabeh iki gumelare, ing nalika paleteking rina, dene suruping wengi iku sirnane bali marang kang diarani ora gumelar.

---

(1). Kawontenaning badan, utawi babahan nawa sanga mripat irung sapiturutipun.

19. Ora kalayan kinarepake sakehing maujud iku iya mangkono salawas lawase, heh atmajaning Kunti, pada sirna ing nalika suruping wengi lan paleteking rina wetune.

20. Ananging kajaba ora gumelar kang wus kaandarake, ana ujud langgeng liyane iku kang ora gumelar, iya kang sawiji mau manawa kabeh iku sinartan kenaning ilang.

21. Iku ingaran ora gumelar, utawa ora owah gingsir, layang Weda nyebutake, iku gegayuhan kang luhur, sapa kang wus anggayuh iku mau wus ora bali maneh, ing kono padununganingsun kang luhur.

22. Heh atmajaning Prita.
Purusa iku kena ginayuh sarana bekti, lan ora salin tujune, sakehing wujud tinemu ana ing Panjenengane kabeh, dene Panjenengane rumasuk ing sakabehe mau.

23. Mongsa ingkang linebon dening para yogi kang wus ora bali neh, mangkono uga kang bali maneh, duh bebantinging jagad, mongsa iku bakal sun terangake marang sira.

24. Geni, padang, rina, candra, paron kang padang, iya iku nem candra surya lumaku ing sisih lor. Manawa marang mongsa mau lebuning sagunging manungsa kang idep ing Brahma iya tekan ing Brahma.

25. Kukus, wengi, mangkono uga candra, saparo kang peteng, iya iku nem candra, iring kidul yen juru panunggal (yogi) lumebu mrono antuk badan astral, ing kono bakal baline maneh.

26. Sabab padang lan peteng iku kaanggep ewone dalan langgeng ing bumi, manawa lumaku angliwati kang siji deweke ora bali, dene sejene iku bakal bali maneh.

27. Manawa deweke weruh ing dalan sakarone pisan, heh atmajaning Prita, nuli ora ana yogi kang bingung, duh Arjuna, janing Prita, nuli ora ana yogi kang bingung, duh Atjuna. Mula ing salawas lawase, sira tansah santosa ing panunggal.

28. Woh kang pinaringake marang kang mangudi layang Weda,

kurban, serenging pangudi lan dedana sawuse deweke sinau meruhi iku yogi banjur angungkurake kabeh mau, nuli anggayuh padunungan kang luhur lan kamulane.

Ingkang kaandaraken wau, piwulang panunggal asarana kalanggengan tuwin kaluhuraning Brahma.

Wiraosan ingkang kaping sanga

1. Pangadikanipun Kresna.
   Kawicaksanan kang piningit iku, sambunge lan kawruhe mengko bakal sun warahake marang sira kang ambek bekti kan kongsi sampurna, yen sira anyumurupi, iya iku saranane sira kalis ing piala.
2. Luhur luhuring kawruh wadi kang luhur, iku praboting kasukcia kang luhur, cocok lan angger (Darma) apa dene langgeng, gampang katindakake.
3. Heh pangrurahing satru, sakahing manungsa kang ora pitaya marang darma, deweke ora tekan maringsun, bali maneh marang dalan lahir marambah-rambah.
4. Jagad iki, iya kang winaragan dening kang ora gumelar, kabeh katarabas dening sun, ananging Ingsun ora dumunung ana sajroning iku mau.
5. Lan wujud iku kabeh iya ora ana sajroningsun, sanadyan Ingun nyongga kahanan iki kabeh, ananging Ingsun ora dumunung sajroning kahanan mau. Datingsun kamullane kahanan kabeh iku.
6. Piyarsakna, kaya dene hawa kang tansah geter ing saparan paran, ing amun amun (eter) mengkono kahanane iki kabeh pamanggene ing njeroningsun.
7. Heh atmajaning Kunti, sagunging kahanan iki bakal tumameng prakritiningsun, manawa wus tekan paungkasaning mongsa

kadunyan (kalpa), ing nalika wiwite mongsa kadunyan (kalpa) deweke sun wetokake maneh.

8. Sawuse dumadi prakriti saka Ingsun, saben saben anggoning - sun ngetokake maneh sugunging kalumpukaning kahanan mau ora sakarepe, nanging saka dayaning prakriti.

9. Ah, kang unggul lan kasugihan, Ingsun ora kabonda dening panggawe iku kaya dene wus mungkur ora karem marang panggawe mau.

10. Prakriti enggone tansah nganakake kang obah lan ora obah iku sarana pangreksanipun, o, atmajaning Kunti, mulane alam iki nyakramagilingan.

11. Para sasar ora meruhi maringsun, katutupan dening kawujudaningsun manungsa (wataking manas asor), ora ngyekteni wewatekaningsun kan luhur, iya Gustining dumadi kabeh.

12. Sanadyan anduweni pangarep arep becik, manggawe becik, lan andarbeni kawruh becik, nanging tanpa mangudi sarta pada anut lakuning setan, lan anyulayani prakriti.

13. Heh Pandu tanaya, ananging sang Mahatma anut watekingsun, pangestine ora liya muhung maringsun, sang minulya mau weruh yang Ingsun tukke kabeh dumadi kang langgeng.

14. Sing sapa agawe karenaningsun, santosa semanggeme maringsun, mahargya kalayan bakti lan angangkah nunggal, iku ingaran memuji maringsun.

15. Dene liyane kang pada kurban kawruh, sanadyan nganggep Ingsun siji, utawa pira-pira lan ana ing ngendi-endi iku uga angluhurake maringsun.

16. Miturut layang Weda, Ingsun iki kurban, yen ing layang liyane Ingsun kan kinurbanake, Ingsun banyu kang kinurbanake, Ingsun tetuwuhan kan kinurbanake, iya Ingsun mantram, martega kang diangge kurban, lan geni sarta panggawe kang kinurbanake Ingsun.

17. Ingsun bapa babune eyange iki kabeh, lan kang nyongga ka-

beh iki, praboting kasucian, iya iku kang kudu disumurupi mangkono uga tetembungan, Om, lan Rihweda, Samaweda, Yajurweda.

18. Ingsun gegayuhan, kang ngupakara, iya Gusti kang ngudaneni, iya padunungan, iya kang dadi panungsen, mitra kang murwani, kang mekasi, tetales, gedong rajabrana, iya wiji kang langgeng.

19. Ingsun kang aweh panas, Ingsun kang ngandeg lan nurunake udan, Ingsun kang ora mati, lan pati Ingsun iya kang ana, lan ora ana, Arjuna.

20. Kang sapa meruhi layang Weda tetelu mau, angumbe soma, (peresaning tetuwuhan kang ginawe kurban), iku rinuwad saka dosane, mahargya maringsun, sarana kurban anjaluk lumebu ing swarga, iku kang tekan ing alam kang mulya, ing alame ratuning jawata.

21. Deweke kang ngrasakake kamulyan ana ing Swarga, sawuse panggawe kabecikane iku entek, binalekake marang jagade wong kena ing pati, marga deweke anut piwulang Weda tetelu mau bakal mati sarta urip, krana anganakake pangarep arep.

22. Sujanma kang wus ora mikir liyane kajaba angluhurake Ingsun iya kang wus ora marotingal, Ingsun maringake kamulyaning panunggal marang deweke.

23. Duh, Arjuna, sanadyan kang para anut, kanti kaebekkan piyandel, lan pangaji aji tumrap agama liyane iku uga angluhurake Ingsun, sanadyan deweke mau anyulayani layang-layang kuna.

24. Awit ingsun tukang dahar kurban, lan uga Gustine, nanging deweke sumurup kahananingsun kang sejati, mulane deweke pada katiwasan.

25. Sing sapa angluhurake para Jawata, iya bakal tekan ing Dewa, sing sapa angluhurake pitri (leluhur utawi Gustinipun sadaya manungsa) iya umanjing kono, manungsa kang kurban marang para elemental (rupa dewata) iya manjing elemental, ananging kurban maringsun, iya maringsun.

26. Deweke kang amisungsung sarana kurban godong, kembang, wowohan, lan banyu maringsun, kang enggone nyaosan kalayan bakti, iku sun tampani, marga wus dak anggep suksi kahanane.

27. Apa kang sira sambut, apa kang sira pangan, apa sira kang sira kinurbanake, apa kang sira wenehake, kang kaleksanane sarana bakti iku, lah atmajaning Kunti, ijabna kaya pisungsung maringsung.

28. Dadi sira luwar saka wohing panggawe, nadyan ala lan becik, krana iku bebandaning panggawe, kalayan pribadine wus dadi siji, saka panunggal sarana seleh panggawe, sira bakal mardika lan tekan maringsun.

29. Panganggep Ingsun marang sakabehing dumadi pada wae, ing atase Ingsun ora geting, uga ora demen, anannging sing sapa angluhurake Ingsun sarana bakti, sujanma mau ana njeroningsun, lan Ingsun ana njeroning deweke.

30. Sanadyan tumeka wong kang ambeke ala, ananging angaji-aji maringsun, lan ora ngidep liyane, deweke iya kagolong bacik, awit anduweni kekencengan kang bener.

31. Deweke mesti bakal tumuli becik, lan tumuju marang katentreman, kang langgeng, duh Pandu tanaya, sira pasti sumurup yen kang ngidep Ingsun iku ora keblasuk.

32. Heh atmajaning Prita, karana pangayome maringsun, nadyan kang lahire nandang dosa, kayata wong wadone bongsa kaping telu lan kaping pat, malah bisa anggayuh dalan kang luhur.

33. Pira pira Brahma kang sukci lan para wicaksana kang bakti, mulane sira angidepa maringsun, marga sira aneng ngalam kang ora langgeng lan cilaka iki (ing donya).

34. Pikirira lebokna ing njeroningsun, tansah anembaha maringsun, kurbana maringsun, sumungkema ing ngayunaningsun, yen mengkono, sira bakal tekan lan dadi siji karo Ingsun, tekan ing Dat sarta teka gegayuhan kang luhur iya ingsun.

Ingkang winedaraken wau, piwulang panunggal sarana kawruh kang luhur, tuwin wewados kang luhur.

Wiraosan ingkang kaping sadasa

1. Pangandikanipun Kresna.
   Rengenta heh Arjuna, piwulang Ingsun maneh kang luwih, iya kang bakal Sun wedarake marang sira, lah kekasih ingsun, sabab banget kepengin murih karahayonira.
2. Sagunging para dewa, lan para maharsi (resi) ora ana weruh maring maringsun, karana Ingsun kamulane para dewa lan resi mau.
3. Sing sapa ngidep (nganggep) yen Ingsun ora gumelar lan tanpa wiwitan, iya Gustining bawana kang agung, sarta ora kasamaran marang titah kang wus luwar saka ing dosa.
4. Cipta, kawruh ora kasamaran, sabar, nyata, mangreh pribadine, wimah lerem, begja, cilaka, ana ora ana, wedi, lan ora wedi.
5. Kang ora gawe pituna, ngadil, narima, sereng, murah, misuwur, akendel, peprincine wewatakane kabeh kahanan, iku saka ingsun.
6. Resi pitu lan manu papat ing jaman kuna, iya kang nganakake tumitah, iku kabeh metu saka pikir lan kahananingsun.
7. Sing sapa weruh kaluhuran lan panunggalingsun kang sejati, iku panunggale wus ora karubeda, kang mangkono mau wus ora keleru.
8. Ingsun jalarane kabeh iki, tekane kabeh iku iya saka Ingsun, marga deweke pada sumurup mulane para wicaksana angaji aji maringsun.
9. Angangen angen Ingsun, kalayan jiwane tresna maringsun, pada padang pinadangan, sarta anggusti Ingsun, deweke salawas lawase pada narima lan seneng.

10. Ingatase deweke kang tansah dadi siji (nunggal) angluhurake kalayan sih, Sun ganjar panunggal sarana budi iya kang dadi lantarane tekan maringsun.

11. Awit saka welasingsun marang deweke, pepetenge kang lahire saka kabodohan Sun sirnakake temahan Ingsun padangi dening kawruh kang aning ing ndalem Date.

12. Aturipun Arjuna.
Paduka punika inggih Brahma kang luhur, inggih padunungan kang luhur, pukulun inggih Purusa kang langgeng mulya jalaranipun dumados, tuwin mboten gumelar.

13. Para wicaksana, para resi miwah para jawata, kandosta Narada, Asita, Dewala, tuwin Wiyasa [1], sami amestani makaten, punapa dene pangandika paduka pribadi.

14. Duh Kresna, sadaya ingkang paduka ngandikaken dateng kula, punika kula anggep leres, Pukulun. Para Dewa sarta para raseksa, (inggih punika danawa pepetu ingkang sami lumawan dateng para Dewa), sami mboten uninga dumateng gumelar paduka.

15. Paduka ngandika, bilih paduka piyambak ingkang uninga dateng paduka pribadi, duh Purusa kamulanipun sadaya kawon tenan, Gustinipun sadaya dumadi, serta Pukulun ratuning para Jawata, punika kula inggih pitados.

16. Saestunipun paduka saged ngandikakaken, kamulyaning kaluhuran paduka pribadi ingkang ngantos terang, inggih sarana sangking kalangkungan wau, Paduka adedunung saka anglimputi (narambas) alam punika.

17. Kados pundi saged kula uninga dat ng paduka Pukulun, punapa mawi sarana pameleng, tuwin pakarti ingkang pundi, duh guru anggen kula kedah angesti paduka.

18. Mugi kula katerangna panunggal saha kalangkungan paduka,

---

(1) Wiyasa punika ingkang nganggit serat Weda sarta Mahabarata, ugi ingkang mawi Bagawat Gita.

Pukulun, amargi kula mboten gadah marem midangetaken bab ingkang mboten pejah wau.

19. Pangandikaning Kresna.
Prayoga pepetinagning Barata, Ingsun nedya anyaritakake kamulyan, miwah kaluwihaningsun sawiji wiji kang prelu wae, ora ana watesane yen sun terangna kabeh kaluwihaningsun.

20. Arjuna, Ingsun iki Dat, sasana ing batine sagunging kahanan, Ingsun kamulane, tengahan, lan wekasane kahanan mau.

21. Yen dewataning surya (Aditya nenem, tembenipun kalih-welas) ingsun Wesnu yen sorotingsun surya kang sumorot yen dewaning angin (Maruta) ingsun marisi (tetunggulipun dewaning angin), dene yen lintang ingsun rembulan.

22. Yen Weda, Ingsun sama weda, yen para jawata, Ingsun Wisawa (Endra), yen kekarepan Ingsun pikire, dene yen kahanan kang urip Ingsun pangertine.

23. Yen para rudra (dewataning prahara) Ingsun Sankara (Siwarudra) sudarmaning rudra sawelas, yen yaksa (dewa kang rumeksa) lan raseksa, dewa kang ngeleki, Ingsun Witesa (kubra dewataning kasugihan), yen geni Ingsun Wasi (tedakipun Endra pepitu), yen gunung Ingsun Meru (gunung sukci).

24. Sumurupa Arjuna, yen para tungguling Pandita Ingsun Brihaspati (dewaning pandita), utawa planit (yupiter), yen senapati Ingsun sekanda (dewataning paprangan) tuwin planit mares, dene yen telaga Ingsun samodra.

25. Yen para resi Ingsun Briku (tetunggulipun resi), yen tembung Ingsun wanda kang sapisan (Om), yen kurban Ingsun pujian (dikir), yen maujud kang ora obah Ingsun gunung Himalaya.

26. Mungguhing kekayon, Ingsun kayu arah kang sukci, yen jawata Narada, yen juru pasindening swarga Ingsun citrarata (pangagenging gandarwa), yen kasampurnan Ingsun kapila (kang murwani yasa sangkya) kang sukci.

27. Sumurupa manawa jaran Ingsun okaisrawata (titihanipun sanghyang Endra ingkang lahiripun nalika para dewa angebur samodra yasa toya gesang), dene yen beciking gajah Ingsun airawata (gajah titihanipun sanghyang Endra), yen manungsa Ingsun ratu.

28. Yen gegaman Ingsun baledeg, yen sapi sapi pangarep arep yen kang anganakake Ingsun kandarwa (kama khewani), dene yen taksaka Ingsun Wasuki (ratuning sawer).

29. Utawa ananta (naga ingkang katitisan Wisnu) mungguhing ula. Dene yen isining samodra, Baruna : yen pitri Ingsun aryama (pangagenging pitri), yen tukang bebeneran (hakim) Ingsun yama (hakim dewa kang ngadili tiyang pejah).

30. Dene yen bangsanipun diktya Ingsun pralada (ratuning diktya) yen wanci kang kena diukur Ingsun mongsa, yen kewan galak Ingsun singa, yen manuk iya Ingsun winanteya (paksi sukci titihanipun batara Wisnu).

31. Yen kang murni Ingsun angin, yen prajurit rama (senapati ing tanah Indu, ingkang liningga batara), yen iwak dolpein (mangkara), dene yen kali Ingsun gangges (jahnawi).

32. Yen kedadeyaningsun wiwitan, tengahan kang pungkasan, heh Arjuna, yen kawruh Ingsun Adiyatma, dene yen wong ngucap Ingsun karepe.

33. Yen aksara Ingsun A (utawa ha) lan diyanda[1], Ingsun mongsa kang tetep, Ingsun juru angopeni kang tansah mulat ing ngendi endi.

34. Yen pangleburan ingsun pati, mangkono uga lahire kahanan kabeh iku yen kahananing wanodya pangaji aji kabegjan, pamicara, enget, budi santosa lan apura Ingsun.

35. Dene yen arenepen, Ingsun drihatsama angidungake sama weda, yen iramaning para Brahman ingkang asesanti Ing-

(1) Panggandeng

sun Gayatri, yen mongsa margasesa[1].

36. Mungguh para botoh, Ingsun sarupaning ngabotohan, yen urup Ingsun sorote, temene kang pada temen, iya Ingsun.

37. Mungguhing Wresni (bongsa ingkang nerahaken Kresna), Ingsun Basudewa putra, (jejulukipun Kresna), yen pandawa risang unggulan kasugihan, yen para sukci Ingsun Wiyasa, dene yen tukang nganggit rerepen, Ingsun Batara Osanas.

38. Ingsun tekene tukang ngukum, yen wong ulang kawijayan, Ingsun kawruh praja, yen wadi Ingsun heneng, utawa yen wong pinter Ingsun pangawiggan.

39. Yen kahanan iki kabeh Ingsun wijine, Arjuna, ora ana samubarang kang tanpa Ingsun, dadi ya kang obah lan kang ora obah pisan.

40. Duh pangrurahing satru, ora anan watesane kamulyaning kasucianingsun, dene kaluwihan kang wus sun wedarake iku amung reringkesane wae.

41. Sumurupa sejati jatining enak, becik lan mulya iki ya saka sorotingsun.

42. Ananging apa paedahe kawruh sakreroncene iku tumrap ing kowe Arjuna, sawise Ingsun anarambas alam iki kabeh kahananingsun isih lestari tetep wae.

Ingkang winursita wau panunggal asarana kaluwihan.

Wiraosan ingakng kaping sawelas

1. Aturipun Arjuna.
   Awit saking angengeti kapetengan kula paduka ngantos andawuhaken, bab wewados ingkang luhur inggih ingkang kawastanan Adiyatma (kaluhuraning wataking Brahma) temahan lajeng saya bingung ing manah kula.

---

(1) Mongsa kanem, wedaling wowohan anedeng.

2. Menggahing kadadosan, saha sirnanipun sadaya kawontenan, saha sabab sababipun sampun paduka dawuhaken dateng kula kalayan titi, makaten ugi kalanggengan ning mahatma paduka.
3. Duh Gusti ingkang luhur, lares kadi dene ingkang sampun paduka dawuhaken, duh Purusa kang luhur (sesebutanipun Kresna), kula sanget kumacelu bade wuninga suwarni paduka ingkang saklangkung mulya ingkang paduka dawuhaken wau.
4. Bilih paduka kapareng ing galih, kenging kula tingali duh Kresna, inggih gsutining panunggal, mugi kalanggenganing Dat paduka katingalna ing kula.
5. Pangandikanipun Kresna.
   Heh Pandu tanaya, dulunen kawujudaningsun kang maatus lan maewu ewu, kahanan beda beda wujude, sarta rupa rupa warna lan wangune.
6. Dulunen para dewataning surya, batara Wasuh, para dewataning prahara, Aswina (putraning Surya kang bekti) sarta dewaning angin, heh tedaking Barata, nontona kahanan kang salawas-lawase sira durung tahu andulu.
7. Dulunen samengko isining alam iki kabeh ngalumpuk dadi siji, angregem kang obah lan kang ora obah, pada dumunung ana ing sariraningwang Arjuna, sarta liya liyane kang arep sira tonton.
8. Ananging sira ora bisa andulu Ingsun sarana netranira dewe, marmane sira Ingsun paringi netra kang mulya (pranawa) mara samengko dulunen panunggalingsun kang tuhu linuwih.
9. Aturipun Sanjaya.
   Duh sang Prabu, sasampunipun Gustining panunggal inggih Sri Hari (Wisnu) ngandika makaten wau lajeng ngatingalaken kawujudanipun ingkang saklangkung elok dateng sang Prita putra.
10. Katingal pinten pinten pasuryan ingkang anggegirisi, saha

tutuk sarta netra tanpa wilangan, ngegem rerenggan ingkang sarwa endah, punapa dene sikep dadamel warni-warni.

11. Angagem makuta sarta kawaca ingkang saklangkung adi, akekonyoh gondawida, satunggaling dewa ingkang angebat ebati miwah tanpa watesan, pasuryanipun madep dateng sawarnining kiblat.

12. Saupami ing gagana wonten srengenge, sewu ingkang sesarengan, kados saweg sami kalayan ujwalanipun risang mahatma.

13. Nalika punika Sang Pandu putra anaon ngempalipun ising jagad sadaya, ingkang kaperang perang dados pinten pinten bageyan, ngalempak wonten sariranipun, Dewataning dewa.

14. Risang unggul lawan kasugihan, amargi saking gumunipun temahan sariranipun muriding wulunipun anjegrig, awit sanget bingahipun, jongga manglung, astanipun angapurancang wonten ngarsanipun san Mahatma sarwi umatur.

15. Aturipun Arjuna,
Pukulun kula nyumerepi sagunging para dewa wonten sarira paduka, punapa denen sawarnining kawontenan, para resi Brahma miwah taksaka sawargan sami ngempal ing sarina paduka.

16. Ingkang mawa pranaja (dada) tuwin asta pinten pinten, tutuk saha netra tanpa wicalan, ing pundi pundi kaebekan paduka kaliyan asipat warni warni, sangking paningal kula wujud paduka tanpa wekasan, tanpa tengahan tuwin tanpa kawitan.

17. Paningal kula paduka abusana makuta amandi tanaeng ngasta gada, kadi dene redi cahya waradin sami sumorot, ngantos ambelerengi, ing sadengah keblat sami kasorotan kadi surya saha latu makantar kantar mboten wonten pantogipun.

18. Tetep paduka ingkang mboten ewah gingsir, ingkang linuhuraken dateng sedayanipun, ing ngatasing alam punika sadaya, paduka raja brna ageng, inggih paduka juru angrimat angger angger kang langgeng, ingkang mboten kenging ewah gingsir

saking pandugi kula paduka punika Roh ingkang langgeng.

19. Tanpa wiwitan, tengahan miwah pungkasan, kakiyatan ingkang tanpa timbang sangking paningal kula wonten asta pinten pinten tuwin tutuk sarta netra ingkang kadi condra miwah surya, wadana paduka dumilah kados urubeng latu kurban, sadaya anglir kabasmaran, dening sumareng cahya paduka.

20. Godagan antawising bumi kalayan langit, punika dene ing pundi pundi panggenan, kaebegan dening paduka, duh risang Mahatma ing tribawana sadaya sadaya sami maketer duh aningali suwarni paduka ingkang anggegirisi, tuwin warni ingkang angebat ebati punika.

21. Samangke para jawata sami ngempal wonten paduka sadaya sami ngapurancang, saweneh matur sewu ajrih, panembramanipun sagunging para dewa miwah para sida wau katur ing paduka, tansah angluhuraken paduka kalayan amemuji, sarta angucap rahayu.

22. Dewaning prahara, para dewaning surya, wasu, sawiya, aswina kalih pisan, para dewaning angin, pitri, sarta gegelenganing para pasindening kaswargan, para diktya, diyu, asura tuwin para sida sadaya sami kagawokan umiyat paduka.

23. Duh sang Mahatma, warni paduka ingkang saklangkung ageng miwah anetra tuwin tutuk pinten pinten, ingkang mawa asta, wentis, sampeyan, padaran sarta kang katingal angisis waja anggegirisi, damel girising bawana, punapa dene marasing manah kula.

24. Duh hyang Wisnu, amargi bilih kula mulat paduka ingkang kadi sunduling ngawiyat sumorot amonca warni, kaliyan tutuk mangap amongah mongah, netra macurat, kawuningana batos kula lajeng kekes, temahan lesu marlupa miwah aketir ketir.

25. Sarta bilih kula priksa waja paduka ingkang amingis mingis, saha tutuk paduka ingkang merngangah kadi dene latu pangleburing bawana, rumaos mboten wonten panggenan ingkang kenging kula angge umpetan, mugi paringa ngapunten, lah ratu

ning jawata, sadaya punika sami ajrih.

26. Para putranipun Dhristarastra sadaya, kalayan para nalendra, Bisma, Druna, punapa dene Karna, saha pipilihaning wadya-bala sadayanipun.

27. Piyambakipun sadaya tuminten kalebet ing tutuk paduka, ingkang dahat adamel miris, sami katingal tumancep ing waja, sarta sirahipun kinemah kemah.

28. Kados dene toyaning lepen ingkang tansah mili dateng samodra, makaten kawontenanipun para senapatining manungsa lumebet dateng tutuk paduka ingkang anggegirisi.

29. Kadi dene sulung lumebet ing dilah ingkang ngalat alat, anggenipun arebut ducung temahan katiwasan, makaten ugi sagunging tiyang murugi kasangsaran dateng tutuk paduka.

30. Sawarnining tiyang lajeng paduka dilat kalayan lidah paduka ingkang mongah mongah, alam sadaya kaebegan dening pribadining sorot paduka, duh Wisnu, sorot paduka, ingkang anggegirisi ambesmi punika atetumpesan.

31. Paringa dawuh ing kula, paduka punika sinten, risang adamel miris, sadaya sami angluhuraken paduka, duh ratuning dewa, paringa aksama kula kapengin uninga paduka, duh ingkang amurwani alam sadaya, amargi kula mboten uninga pakarti paduka.

32. Pangandikanipun Kresna.
Ingsun iki pancine kang angrusah jagad, kanggo pangrusaking bawana, samengko wus gumelar, kang saupama sira ora ana sakehing para prajuriting mungsuh kang wus arakit gelare iku ora ana kang kari.

33. Hah angadega mara alapen misuwur miwah kawiryan iki sasirnaning mungsuhira, amarga kabeh iku wus katiwasan deningsun, percoyoa marang tanganira kiwa lan gagamanira.

34. Hah mara kalahena, Druna, Bisma, Jayodrata, Karna lan para prawira liya liyane kang pada prakosa ing rowanggana, kang

wus kasoran marga saka Ingsun, aja miris, lah umajua perang, sira bakal bisa ngalahake mungsuhira ana ing paprangan.

35. Aturipun Sanjaya.
Sareng Arjuna sampun mireng pangadikanipun Kresna ingkang makaten, Pandu putra lajeng matur malih dateng Kresna akaliyan amakidupuh, sariranipun gumeter, asta ngapurancang ing semu sakalangkung ajrih.

36. Aturipun Arjuna.
Duh risang mangreh karsa, menggahing gumelar paduka punika sadaya sami suka bingahing manah akanti angaji aji, para diktya sami giris, temah sami kaplajar, dene para seda sami marikelu.

37. Duh risang Mahatma, punapa piyambakipun mboten sumungkem ing paduka, mongka ingkang langkung mulya saking Brahma dewataning dewa, inggih kamulanipun sadaya ratuning para dewa kang tanpa wasana, padununganipun ing alam saisenipun punika sadaya, paduka inggih ingkang langgeng ingkang wonten tuwing ingkang mboten wonten, inggih Dat ingkang luhur.

38. Paduka kamulaning jawata, Pururа kang sepuh paduka ingkang dados pangungsenipun sadaya punika, paduka anguningani, saha kedah kasumerepan inggih padunungan kang luhur, sadaya wau kalimputan dening paduka, duh Narendra ingkang tanpa sisihan (sesebutanipun Kresna).

39. Paduka dewaning hawa (Wahyu) dewaning pejah (Yama) dewaning latu (Agni) waruna tuwin wulan, paduka juru ndumadosaken, inggih kamulaning leluhur, pinuji puji, sadaya amemuji paduka kaping sewu, mulya amemuji malih angluhuraken paduka.

40. Asasanti wonten ing ngarsa paduka, ing pengkeran paduka, makaten ugi saking pundi pundi sadaya sama angluhuraken paduka, duh Kresna, paduka kawasa kang tanpa wekasan, tuwin kakiyatan ingkang anggegirisi, paduka angregem sadaya, inggih sadaya punika paduka.

41. Kula ngantos kamipurun andugi, paduka punika sumitra, duh Kresna, duh tedaking Madu, duh Sumitra, makaten pangucap kula, awit saking weja ngantos mboten uninga dateng kaluhuran miwah sih paduka.

42. Awit saking weja, salebetipun kula kendel, ebah, linggih, neda, utawi pakempalan kula kasupen dateng paduka, mila paringa aksama ing kula.

43. Paduka sudarmaning alam punika sadaya, sanadyan ingkang ebah, tuwin ingkang mboten ebah, paduka tutungguling gurunipun sadaya wau, ingkang kedah linuhuraken, paduka mboten wonten ingkang nyameni, kados pundi sanesipun anggening bade angungkuli, duh ingkang pangwasanipun mboten saged sirna wontenipun ing tribawana.

44. Sabab saking punika pramila kula temah sumungkem saha nyuwun angapunten, paduka pukulun ingkang kedah dipun ajrihi mugi angapuntena, kaparenga paduka angapunten, kados dene bapa dateng sutanipun, pawong mitra dateng mitranipun, tresna dateng katresnanipun.

45. Amargi kula saged manoni, ingkang salamenipun dereng nate nyipati, mila anjalari bingahing manah kula, sanadyan kalayan getering manah kabekta saking ajrih, anedhana wujud paduka ingkang sakalakung mulya dateng ing kula, duh ratuning para dewa, inggih padununganing alam punika sadaya.

46. Kula kepengin nyumerepi suwarni paduka ingkang suwau, inggih punika ingkang mawi makuta mandi tameng miwah ngasta gada, duh, kang abahu sasra tanpa wicalan, punapa dene wawar nen pinten pinten punika.

47. Pangandikanipun Kresna.

Arjuna, marga saka kamurahaningsun dewe sira Ingsun nugrahani nganti bisa ndulu wujud mulya kang anyupraba, kang anglimputi sakabehe, tanpa sangkan paran, kajaba sira durung ana kang sumurup.

48. Ora amarga sianu layang Weda, kurban utawa meleng, ora saka dedana, ora saka panggawe, uga ora saka serenging pangudi (tapa) kaleksanane Ingsun ngatonake wujudingsun kang mangkono ana ngalaming manungsa marang wong liyane, kajaba mung sira Arjuna.

49. Mula sira aja wedi Arjuna, aja, miris andulu kahananing wujud kang anggegirisi iki, dulunen kalayan senenging pikirira, aja anduwene sumelang, mara ing mengko tantonen mareh wujudingsun.

50. Aturipun Sanjaya.
Sasampunipun Basudewa Putra ngandika makaten dateng Arjuna, panjenenganipun lajeng santun wujud kados sariranipun pribadi, Sang Mahatma nulya wangsul awarni ingkang anyenengaken malih, sarwi dahat amemulih ingkang tansah kemanggan.

DIREKTORAT TRADISI
DITJEN NBSP DEPDIKBUD

51. Aturipun Arjuna.
Duh Kresna, sapunika kula aningali sulistyaning suwarni paduka manungsa, samangke kula sampun jenjem, saha sampun wangsul kadi nguni uni.

52. Pangandikanipun Kresna.
Wujudingsun kang wus sira deleng iki ora gampang tinonton, malah para jawata banget kepengine andulu wujud mau.

53. Kawujudeningsun kang wus sira deleng mau bisane katonton, ora sarana layang weda, ora saka sinau, ora saka dadana, uga ora saka kurban.

54. Ananging marga saka ora bakti marang liyan kajaba marang Ingsun, wekasan Ingsun ngaton ing sira Arjuna, lan weruh sajatingsun, sarta bisa tekan maringsun.

55. Sing sapa anglakoni panggawe kanggo perluningsun, nganggep Ingsun kang Maha Luhur, bakti marang Ingsun wus tanpa karem, ora geting maring sawenehing dumadi, lah Pandu Putra iku kang tekan maringsun.

Ingkang kaceta punika wau panunggal sarana (ambuka prananing paningal) aningali sagunging wujud.

Wiraosan ingkang kaping kalih welas

1. Aturipun Arjuna.
   Tiyang bakti ingkang dados satunggal, sarta angaji aji ingkang ugi angluhuraken paduka, utawi angluhuraken ingkang langgeng, tuwin ingkang mboten gumelar, yogi wau pundi ingkang langkung prayogi.
2. Pangandikanipun Kresna.
   Sing sapa pikire tumuju maringsun, kang tansah nunggal sarta angluhurake Ingsun, kang anggone ngelingi Ingsun mau jinarwan dening piyandele, iku panunggal kang prayoga.
3. Ananging sing sapa tansah angluhurake kang ora owah gingsir, kang ora tamtu, kang ora gumelar, lan kang ngendi endi ana, kang ora kena kinira kira, lan ajeg bae utawa ora obah.
4. Sawuse mambeng sakehing indriyane, lan ora ambedakake saka behe, bungah mungguh karahayone kabeh kahanan, iku uga teka maringsun.
5. Sing sapa ciptane tumuju marang kang ora gumelar, gede banget pakewuhe, sabab bisa anggayuh dalan kang ora gumelar tumrap wong kang isih nganggo raga, iku mawa sangsara.
6. Ananging sing sapa kabeh panggawene pinasrahake maringsun, nganggep Ingsun kang Mahaluhur, kanti santosa panunggale ing ndalem pameleng, iku angluhurake Ingsun.
7. Hah Prita putra, sing sapa pangestine tumuju maringsun, ora watara suwe Ingsun bakal asung pamudaran marang deweke saka samodraning pati lan ubenging tunimbal lahir.
8. Pikirira lebokna sajroningsun, budinira tumujua maringsun, uwis mesti sira ing tembe dumunung ing njeroningsun.

9. Ananging manawa pikire marang Ingsun durung bisa santosa, Arjuna, banjur ngangkaha tekan Ingsun, sarana sinau anunggal.

10. Yensira uga isih durung bisa nglakoni, cukup sarupaning panggawenira, leladi maringsun samektanana, yen sira anindaki sagunging panggawe kang marga Ingsun, iya bakal bisa anggayuh kasampurnan.

11. Yen sira uga isih durung bisa nglakoni mangkono, banjur anglakonana mangreh pribadinira, angedohana wohing kabeh pang gawe.

12. Kawruh iku angungkuli sinau, kang ngluwihi kawruh iku pameleng, kang ngungkuli pameleng iku angedohi kabeh panggawene, sawuse pisah saka wohing panggawe, sira banjur tumuli antuk katentreman.

13. Sing sapa ora geting, serta welas asih marang sawiji wijining dumadi tanpa pepenginan lan kamurkan, demen ngapura ngang gep lara lan prihatin pada bae.

14. Tansah narima, anggung anglakoni Panunggal, angreh pribadine setya tuhu, pikir lan budine tumuju lan nunggal maringsun, bakti kang mangkono mau pratonda asih maring Sun.

15. Sing sapa wis ora kengguh dening kadonyan, lan kang ora munasika ing ndonya, sapa kang wus uwas saka endeming kasenengan, nepsu, lan wedi, iku deweke asih marang Sun.

16. Sing sapa tanpa pangarep arep, sukci, pinter, sepi ing pamrih, lan kang sapa kuwure wus sirna, seleh sakliring panggawe, bakti kang mangkono iku isih maring Sun.

17. Sing sapa ora duwe bungah utawa geting, ora sedih, utawa ora duwe penginan, ala becik pinasrahake kaebekan bakti, iya iku asih maring Sun.

18. Sing sapa ora mbedakake mungsuh lan mitra, pangaji aji lan panyamah adem lan panas, sedih lan lara wus pada bae, luwar saka ing karem.

19. Sing sapa ora ambedakake panacat lan pangalem, anteng, narima apa kang tinampan, ora owah owah santosa pikire, kaebekan ing bekti, woh mau asih maring Sun.

20. Sing sapa temen mangudi angger angger kang langgeng iya kang ing kene winarahake, kalayan prasaja, kang mangkono mau banget asih maring Sun.

Ingkang kawulangaken wau panunggal sarana bekti (panembah).

Wiraosan ingkang kaping tiga welas

1. Pangandikanipun Kresna.
   Heh Atmajaning Kunti, badan iku ingaran tegal, sing sapa meruhi bab iku ingaranan dening para wicaksana, tukang ngawruhi kahananing tegal [1].

2. Kang uga sumurupa Arjuna, yen Ingsun tukang nyumurupi ing sarupaning tegal, kawicaksanan mungguhing tegal lan kang meruhi tegal, iku Sun arani sejatining kawicaksanan.

3. Tegal iku apa, kaya apa kahanane, ora langgenge lan saka saka ngendi, karo dene deweke iku sapa lan apa kagunane, rungokna kang dak wedarake cekakan iki.

4. Iku wus dikudungake dening para wicaksana kalayan tembung rupa rupa sarta lagu awarna awarna, lan nganggo tembung Brah ma Sutra kang maton lan nyata.

5. Elementel kang agung (Eter, geni, hawa, banyu lan bumi), angkara (kumingsun), budi, mangkono uga kang ora gumelar iya dasendriya (poncadriya kita kalayan suwara, asta, suku, sapanunggalipun) lan kang siji (manas luhur) lan taman lelangening poncadriya.

---

(1) Kang ameruhi tegal (jiwa).

6. Pepenginan, geting, bungah, sedih, dadapukan (badan), pangerti, kesantosan, iku owah owahing tegal kalayan cekakan [1].

7. Susila, ora duwe piyangkuh (anoraga), datan dosa, para marta, ngadil, bekti ing gurune, sukci, santosa, amatesi pribadine.

8. Ora melu marang taman lelangening poncadriya, lan sepi ing pangongsa ongsa, sarta tamat marang alaming kalahiran, mati utawa lara lan sangsara.

9. Ora kasengsem, ora tresna marang nak bojo, omah lan sapanunggalane, sarta pada bae panampane marang kadadeyan kang kinarepake, utawa kang ora kinarepake.

10. Bakti marang Ingsun, ora nyimpang ora kamomoran liyane, anekani sakehing panggonan kang sepi, ora seneng ana ngantarane parameyan.

11. Santosa ing ndalem kawruh Adiyatma (kaluhuran watakipun pribadi Brahma), tamat marang surasane kawruh sejati iku kang aran kawruh, yen liyane kawruh iku diarani kabodoan.

12. Apa kang kudu disumurupi bakal dak pratelakake kang amarga nyumurupi iku, sira bakal tan kena ing pati, Brahma kang luhur lan tanpa wiwitan, iku ora kena ingaran dumadi utawa dudu dumadi.

13. Ing ngendi endiya Dat iku duwe tangan, sikil, mripat, sirah lan tutuk, lan ing ngendiya bae Dat ora kasamaran, sarta angregem sakabehe.

14. Sanadyan watake indriya kang makarti, kang mardika saka sarupaning indriya, amikul sakabehe nanging tanpa karem, ora nduweni watek, nanging iya ngrasakake watek.

15. Sajabane utawa ana sajeroning kahanan kang obah lawan ora obah, nadyan saka aluse dadi ora katon, iku rinegem dening

---

(1) Peperangan wau miturut ingkang sampun kocap ing Sangkya.

Dat iku adoh utawa cedak [1].

16. Dat iku manggone sajroning kahanan, iku ora pinerang, nanging kaya pinerang.

17. Dat iku ingaran padanging kabeh padang lan sajabaning peteng, iya kawruh kang kudu disumurupi, iya wasananing kawruh asa sana ing ngatine sakabehe .

18. Dadi tegal iku kawruh kang kudu disumurupi, iya kang kacaritakake kalayan cekakan, para bakti kang meruhi iku bakal tekan maringsun.

19. Sumurupa mungguhing Prakitri lan Purusa iku sakarone wus tanpa wiwitan, lan uga sumurupa yen sakehing owah owahan sarta watak iku kahanane saka Prakriti.

20. Prakriti iku diarani kang gawe jalaran, sarta jalaraning panggawe, Purusa iku diarani jalarane antuk bungah lan susah.

21. Purusa kang sasana sajeroning Prakriti, iku uga nganggo watak, kang tuwuh saka Prakriti, kareme marang pakarti anjalari laire ing wewengkon kang bacik utawa ala.

22. Purusa kang luhur iku anane ing ndalem badan, ingaran kang nguningani, kang ambiyantu tukang ngrasakake, Gusti kang agung iya pribadi kang luhur.

23. Sing sapa meruhi kahananing purusa, Prakriti, lan watake, sana dyan ing kahanan apa bae, sujanma mau bakal ora linairake maneh.

24. Saweneh manungsa asarana pameleng, bisane andulu Dat karana Dat, saweneh asarana panunggal sarana panggawe.

25. Uga ana kang sumurup bab kang mangkono iku mangrungu prahara mau, ananging angaji aji, manungsa iku wus luwar saka saka ing ing pati, amarga mantep marang kang rinungu mau.

---

(1) Bilih tiyang jawi winastanan, cedak ora gepokan, adoh tanpa wangenan.

26. Sakehing kahanan kang gumelar, sanadyan obah utawa ora obah, heh tedaking Barata, wruhanira iya iku pamoring tegal, lan tukange meruhi tegal.

27. Sing sapa panganggepe maring Gusti kang Maha Luhur sasananing ing ndalem sadengah kahanan wus pada bae ora rusak ing wektuning karusakan, iya iku kang bener panganggepe.

28. Awit ing ngendi-endiya wus ora beda panganggepe lan pada bae kahanane Gusti mau, deweke bisa anyirnakake sarana manas asor, ananging ora sarana Dat, deweke banjur tekan ing kamulyan.

29. Lan sing sapa sumurup yen ing ngendi endiya lakune panggawe iku saka prakriti, mangkono uga yen Dat ora makarti, iku kang bener sumurupe.

30. Yen sujanma wus sumurup peperangan kahananing sakehing wujud iki ing ndalem kang asipat Esa (wujud tunggal), sarta pinangkane kabeh mau saka iku, deweke wus anggayuh Brahma.

31. Marga pribadi kang luhur, kang ora owah gingsir mau tanpa wiwitan, lan tanpa watek, heh atmajaning Kunti, sanadyana aneng sajroning badan, mesti ora pisan pisan karegedan, utawa makarti.

32. Kaya dene eter (aksara)[1] kang angabeki iki marga saka lembute, mulane ora kena rereged, iya mangkono ananing Dat, kang sasana ing ndalem badan, uga ora gupak rereged.

33. Kaya dene surya kang amadangi alam iki, kaya mangkono lan bebantenging Barata, kang duwe tegal mau enggone madangi sakehing tegal.

34. Sing sapa marga saka kawicaksanan, wus nyumurupi bedaning tegal lan tukang nguningani tegal, sarta kamardikaning kabeh kahanan saka Prakriti, iku kang tumeka ing kaluhuran.

---

(1) mBok menawi yen jawi awang awang.

Ingkang kawedaraken wau panunggal asarana ambentenaken antawisipun tegal kaliyan tukangipun anguningani tegal.

Wiraosan ingkang kaping kawanwelas

1. Pangandikanipun Kresna.
   Sabanjure Ingsun bakal anjarwakake marang sira, bab wijang wijanging kawicaksanan, kang luhur, manawa para suksi wus meruhi iku lungane saka ing kene, nulya manjing ing kasampurnan kang luhur.
2. Yen awewaton kawicaksanan iki, sarta salaras lan Ingsun, sujana mau waktu dadining alam (wiwitipun satunggal tunggaling mawantara) (jaman) bakal ora linahirake maneh, uga ora karubeda ing nalika luluhe (pralaya) kiyamat.
3. Heh tedaking Barata, Brahma kang agung iku pranakaningsun, ing kono nggoningsun andokoki wetengan, saka ing kono kamulane kabeh kahanan.
4. Duh atmajaning Kunti, sakehing wujud kang linahirake ing sadengah pranakan, uwiting pranakan iku iya Brahma kang luhur, Ingsun sudarmane kang mijeni (asung wiji).
5. Lah kang kuwawa papa (panguwuhipun dateng Arjuna, satwam, rajas, lan tamas, wewatekan katelu), (guna), iku metu saka Prakriti, katelune mau anane ing badan ambanda kang ora kena rusak, iya kang manuksmeng badan.
6. Kagawa sabab resike, lan becike sengseme marang kamulyan, lan demen pangawikan sarta tanpa cacad, mulane satwam ambanda kang manuksma ing badan.
7. Sumurupa mungguhing rajas, iya hawa napsu ngongsa ongsa lan karem, heh atmajaning Kunti sabab karem marang panggawe marmane ambanda kang manuksmeng badan.
8. Nanging kawruhana mungguhing tamas, kang wetune saka

kabodoan, iya tukang mbalasukake jiwa, O, Arjuna, iya iku weya, waluya, lan sungkanan (kesed) uga ambonda kang manuksma ing badan.

9. Satwam iku sinartanan kabegjan, rajas panggawe, duh tedaking Barata, nanging tamas sinartan weya, yaiku kang nutupi kawicaksanan.

10. Yen deweke luwih kuwat saka rajas lan tamas, iku tetepe satwam, yen rajas luwih rosa saka satwam lan tamas, tetep rajase, dene yen satwam lan rajas kalah rosa, iya tetep tamase.

11. Manawa kabeh bolongane badan, wus pinadangan dening kawicaksanan, sumurupa yen satwame wus diwasa.

12. Murka, nyambut gawe, anindakake sarupaning panggawe, ora tentrem, melik, heh bebanteng tedaking Barata, iku diwasaning rajas.

13. Peteng, tanpa kakencengan, weya utawa sasar, lah Arjuna, iku diwasaning tamas.

14. Ananging samongsa satwame wus diwasa, yen teka mangsane risang manuksmeng badan, banjur tumuju marang dunung kang tanpa reged, utawa alame para juru kawruh kang luhur.

15. Patine wong kang sasana ing rajas, tembe bakal linahirake karem marang panggawe, dene yen saka tamas marang wawengkone para sasar.

16. Wohing panggawe becik diarani saka satwam lan tanpa reged, nanging wohing rajas kasusahan, dene tamas uwohe bodo.

17. Kawicaksanan wetune saka satwam, murka saka rajas, dene sasar sarta bodo iku saka tamas.

18. Kang dumunung ing satwam iku bakal andedel unggahe, kang manggon ing rajas tiba tengah, dene kang aneng tamas amarga linimput ing watek asor, mulane amidun.

19. Manawa sujanma kang tansah meruhi wus ora ngengeti liya

kajaba wawatekan, lan sumurup apa kang luwih luhur saka watak, deweke tekan ing kahananingsun.

20. Manawa risang manuksmeng badan, wus ora kawengku wewatekan telu, iya kamulaning badan mau, deweke mardika saka linairake, mati, tuwa lan lara, sumawana tekan ing kalanggengan.
21. Aturipun Arjuna.
    Pukulun kados punapa titikipun sujana ingkang sampun mboten kawengku ing guna, (satwam, rajas, tamas) pandamel ingkang pundi, utawi ka pundi anggenipun tumindak sakjawining guna wau.
22. Pangandikanipun Kresna.
    Heh Pandu Putra manawa papadang lan sasar, iku anekani deweke ora sedih, dene yen lunga iya ora kaarep-arep.
23. Sing sapa jroning lungguh wus ora maelu, lan ora kengguh dening guna lan sing sapa misah sarta wus ora obah adege sarta mosik, watak pada nyambut gawe.
24. Sadengaha kang nganggep suka lan sungkawa wus ora beda, iku wus santosa, sapa bae kang amadakake lempung, watu lan emas, sing sapa ora ambedakake begja lan cilaka sarta ora ambedakake panyamah lan pangalembana, iku kang prayoga
25. Nganggep pangaji aji lan pangerang erang wus pada bae, ngrasa pada tetunggalan mungsuh utawa mitra, kabeh panggawe ne wus linilakake, iya iku kang diarani luwar saka wewengkaning guna.
26. Sing sapa sarana bakti ora nyaleweng panunggale marang Ingsun, iya kang wus aneng saduwuring guna, lan sayogya tumrap kahananing Brahma.
27. Sabab Ingsun iku sasana sanedaning Brahma, mangkono uga kang nora mati, ora owah gingsir, angger angger langgeng sarta kamulyan kang tan kenaning rusak.

Ingkang jinarwa wau piwulang, asarana milah wawatekan tiga.

Wiraosan ingkang kaping gangsalwelas

1. Pangandikanipun Kresna.
   Kacarita mungguhing kayu arah, (Aswatta) kang sukci iku nungsang (oyodipun wonten nginggil) dene pange mangisor lan ora bisa sirna, godonge kidung sukci, sujanma kang meruhi iku, iya iku sarjana kang sumurup layang weda.
2. Kang gawe angrembaka, mudun lan munggah, awit saka panggulawentahing guna papan patamaning poncodriya, kaupamekake pange kang cilik cilik, lan pangombra ombraning oyod, nganti sambung lan sakehing panggawe ing ndalem alaming manungsa iki.
3. Mungguh wujude kang kaya mangkono mau ora andamangake, mangkono uga kahanne wekasan lan wiwitane, manawa kayu Arah kang sukci, dalasan oyode, kang ngombra ombra iku dirampasi dening landeping gegaman tanpa karem, manungsa banjur ora bali maneh.
4. Manawa sujanma nedya lunga kang wus ora nedya bali maneh kudu banjur upayanen dalane, iya dalan kang manawa liniwatan banjur ora bali maneh, kang mangkono sajatining suksma tumuju marang Purusa, iya saka ing kono pinangkane ili kuna makuna.
5. Ora kumlungkung lan ora nasar, dosa saka kareme wus kasor, kalayan wus sirna melike, tansah dudunung ing Adiyatma, mardika saka sisihan kang kosok bali, sumurup marang bungah lan susah, deweke tumuju marang dalan kang wus ora kena rusak.
6. Iku ora pinadangan dening srengenge, rembulan sarta geni, sing sapa mrono parane yekti ora bali maneh, iya iku padunungan ingsun luhur.
7. Sakperanganingsun kang aneng alam kauripan, iku kang dadi kahananing urip kang langgeng angirup poncodriya, kaneme manas asor banjur sasana ing ndalem prakriti.

8. Badan endi kang kinarsakake ing Gusti lan endi kang sinelehake ing Panjenengane, iku pinundut nulya kinukut, kaya rucating angin saka dununge.

9. Sakduwuring pangrungu, pandulu, pangrasa, rasa lan pangambu sarta manas, ing kono bisa angenyami kabeh kang ginepok ing poncodriya.

10. Para sasar kang tinalenan ing guna, iku ora bisa sumurup Panjenengane, lan ora sumurup apa Panjenengane sida utawa ora sarta angraosake, sing sapa kasinungan kawicaksanan bisa nyumurupi.

11. Sarta yogi kang tansah mangudi bisa nyumurupi Panjenengane ing ndalem Dat, para cubluk sanadyan mangudi nanging manase ora diwasa, lan tanpa budi uga ora bisa andulu panjenengane.

12. Sorot kang ana srengenge, iya kang madangi alam iki kabeh, iya kang aneng rembulan sarta geni, sumurupa, sorot iku saka Ingsun.

13. Sarana kekuataningsun, Ingsun anarabas tekan ing ndonya iki sarta nyongga sagunging dumadi, lan ambukti sakehing tetuwuhan, sawuse dadi soma (toya peperesaning tetuwuhan ingang kinurbanaken, kang amirasa).

14. Sawise genining urip, (waiswanara) kang dumunung ing ndalem badane sadengah urip dumadi dadi siji lan lebu wetuning napas, iku Ingsun ambukti panganan sarana patrap patang prakara 9punapa ingkang kateda sarana kamamah kaunjuk, kadilat tuwin kasesep).

15. Ingsun sasana ing batine sakabehe, eling lan kawruh iku kagunganingsun, annging sakarone mau sirna, Ingsun iki kang kudu disumurupi, sarana sarupaning layang Weda, iya Ingsun kang akarya wedantana (kawruh kawicaksanan : inggih tapsir saking serat Wedda) Ingsun tukang nguningani layang Wedda.

16. Ing ndoya iki ana purusa loro, iya iku kang owah gingsir lan kang ora owah gingsir, kang kena owah gingsir iya iku kang du-

madi sarupaning bebakalan, dene kang langgeng iku diarani ora owah gingsir.

17. Ananging purusa kang luhur dudu iku, katrangane iya pribadine kang luhur, Gusti kang asipat baka kang anglimputi sarta kang anyongga tri bawana iki.

18. Amarga Ingsun wus angliwati kang owah gingsir, kang luwih wur saka kang ora owah gingsir, mulane tumraping layang Wedda lan ing ndonya Ingsun kaanggep purusa kang luhur.

19. Dadi sing sapa santosa panganggepe maringsun purusa kang luhur, iku wus ora kaleru, duh tedaking Barata, deweke angluhurake Ingsun, kalayan kahanane kabeh.

20. Mangkono mau wedaraningsun mungguhing wayang wadi, O, Arjuna, sujana kang weruh iku kasinungan budi, manawa deweke wus anambut kang kudu sinambut iku luwar saka dosa.

Ingkang kawejangaken wau panunggal sarana purusa kang luhur.

Wira osan ingkang kaping nembelas

1. Pangandikanipun Kresna.
   Nora wedi sukci ing batin, (atine santosa ing kawruh lan panunggal), Legawa, matesi pribadine, ameleng (sereng) pangudine lan ngadil.
2. Becik, temen, tanpa nepsu, seleh, tentrem, sepi ing pangucap ala, welas asih marang sipating urip, alus, susila, ora kengguhan.
3. Santosa, momot, sukci, sepi ing pangunek unek lan ider, duh tedaking Barata, iya iku sujanma kang linahirake hing kahanan Sura (Andewa).
4. Para cidra, angkuh, ungas, napsu, kasar lan kabodoan, heh atmajaning Prita, iya iku deweke linahirake hing kahanan Asura (ora Andewa).

5. Kahanan andewa (Sura) iku inganggep jalaraning pamudaran, dene asura anjalari bebandan, lah Pandu tanaya, aja prihatin, sira linahirake ing kahanan Sura (tandewa).

6. Ing ndoya iki ana titah roh kahanan, Sura lan Asura nanging Sura wus kaandarake, mulane Prita Putra, ing mengko rungokno nggoningsun anerangake Asura.

7. Para Asura sepi ing taberan, kasukcian pambekan temen ora tinemu ing batine.

8. Deweke ngucap, Alam iki kabeh ora nyata, lan ora mangeran, ora ana Gusti, kang ana mung genti makarti, sawijining pakarti iku dumadi saka pakartining liyan, liyane apa maneh, kajaba pepenginan kang dadi jalaran.

9. Sabab mangkono tekade, satemah anganakake manas kang rusak, lire cupeting budi lan serenging pakarti iku satru kang anggawe rusaking jiwa.

10. Deweke tanpa marem, kebak ing para cidra, ungas sarta kumbungkung, kablebet ing panasaran, tumindake, kanti sedya kang ora resik.

11. Deweke wus nungkul marang cipta kang tanpa pitunga, temahan mati saka iku lan katekane pepinginane iku kang di pangeran, kawruhna mungguhing iki babandan.

12. Marga binonda ing tali pangarep arep, kang amaatus-atus, awit kagendeng ing napsu lan kamelikan. Deweke anggung abebedat donya, kanggo angleksanani apa karemaning poncodriya, asarana piranti kang tan prayoga.

13. Atine manungsa kang mangkono tansah angucap mangkono, ing dina iki aku wus antuk iki, pangarep-arep bisaa kasembadan, kasugihan iki wus dadi duwekku, ing tembe aku bisa antuk iku maneh.

14. Mungsuh iku wus dak sirnakake, lan liyane uga bakal dak kalahake, aku Gusti, aku kang ambukti, aku sampurna, kawasa lan begja.

15. Aku linahirake ing kabegjan lan sugih, sapa kang pada karo aku, aku gelem korban, aku nedya kang ambage lan angrasakake, kang mangkono iku sinasarake ing kabodoan.

16. Kang marga dibebingung dening sarupaning pikiran, dilurupi ing jaring panuntun sasar, karem katekaning kamelikan, temah pada dadi intiping naraka.

17. Amarga angegungake diri, wangkal, kaebekan piyangkuh, sengsem marang kasugihan, anajekake kurban, kanti patrap kang cidra angemohi ing piwulang.

18. Kelu marang kamurkan, Ruda paksa tanpa wirang, kamelikan, kanepson, watak kang mangkono iku getting maringsun, iya kang dumunung ing njero badane dewe, utawa ing njero badaning liyan.

19. Manungsa kang drengki bengis, asor lan rereged, iku datan kendat sun buwang sajroning wawengkon kang cemer lan asura.

20. Satekane wewengkon asura tansah sasar lahire marambah-rambah ora bisa tekan maringsun, O, atmajaning Kunti, deweke tansah silem ing ndalem kaasoran.

21. Ana tetlu luwanging naraka, kang dadi pangleburane manase kamelikan, kanepson lan kamurkan, mulane sagunging manungsa pada aninggalake telune mau.

22. Duh putrane Kunti, manawa wus mardika, saka lawanging pepeteng tatelu, iya iku sujana kang anggarap sukcine dewe, lan tumuju marang gegayuhan kang luhur.

23. Sing sapa wus ninggal layang dawuh marga saka pamisesaning panggawe, kamelikan, iku ora bisa anggayuh kasampurnan, kabekjan lan gegayuhan kang luhur.

24. Marmane angger-angger iki dadiya minongka ukuranira amutusi ing bab apa kang ginarap, yen sira sumurup kang katerangake ing sagunging angger-angger kudu nuli sira lakoni.

Ingkang winursita wau panunggal asarana milahaken ing antawisipun Sura lan Asura.

Wiraosan ingkang kaping pitulas

1. Aturipun Arjuna : Duh Sri Kresna : bilih tiyang anglirwakaken angger-angger ananngingkurban kalayan kaebekan ing piyandel (srada), kados pundi kawontenanipun tiyang wau, punapa saking satwam, rajas, tuwin tamas.
2. Pangandikanipun Kresna, Kang Mangkono mau darbe piyandel telung wewatekan kawatune saka watake dewe, saka satwam, rajas miwah tamas, rungokna kahanane bab iku.
3. Kang dadi piyandele sawiji-wiji iku dumadi miturut kahananing batine, lah tedaking Barata, nggone manungsa tinitahake miturut piyandele dewe, endi kang pinitaya uga mangkono kadadehane.
4. Sing sapa saka satwam, iya iku kurban maring dewa, dene kang saka rajas, iku marang ditya lan diyu, apa dene kang saka tamas, iku kurban marang wong mati kang dadi setan (preta) utawa brakasakan.
5. Sing sapa aningal angger-angger sinartanan ing pangudi, teluk marang jubriya miwah angkara, kaebekan kakuwataning kamelikan kamurkan.
6. Sangsara pada angrubeda sarupaning piranti kang aneng ing badane, mangkono uga marang Ingsun kang sasana ing ndalem batine, sumurupa iya iku kang pepuntone aneng asura.
7. Pangan kang prayoga, tumrap sawiji-wiji uga ana telung rupa, iya iku kurban, serenging pambudi, lan dedana, rungokna mungguh beda-bedane iku.
8. Pangan kang mikuwati urip, watak, kakuwatan, kawarasan lan kasenengan, iya iku kang anyegeri, kang mirasa, kang nglenga, pangan kang migunani, iku prayoga tumrap sapa kang oleh satwam.
9. Pangan kang pait, kecut, asin, panas, pedes, garing lan kang gosong sarta kang anganakake sedih ngenes miwah lara, iku pra

yoga sing sapa kang mangolah rajas.

10. Apa kang wus wayu, ora enak, bosok lan malenyok, sisa utawa letek, iku pangan mirasa tumrap wong kang saka tamas.

11. Kurban kang miturut wawaton nggone angurbanake lan wus tanpa pangarep-arep marang wohe, ing nalika iki osiking ciptane muni iku kudu kinurbanake, iya iku saka satwam.

12. Ananging kurban kang kinurbananke kanti angelingi wohe lan saka mawa pikir sumengah ing ambeke, duh patining Barata (panguwuhipun dateng Arjuna), weruha yen iku saka rajas.

13. Kurban kang anyulayani karo angger-angger tanpa angedum pangan, tanpa mantran, ora misungsung para Brahmana, piyandele sirna gempang, iku diarani ska tamas.

14. Angaji-aji para Dewa, para dwija, para guru, miwah para Resi, kasukcian, katemenan, marang Brahmasari, utawa kang ora gawe pituna diarani tapaning badan.

15. Wicara kang ora angrusakake tentreming ati, temen, kapenak, lan sukci, sarta angapalake surasaning weda, iku diarani tapaning pamicara.

16. Ananging pikir padang meneng, mangreh pribadine, sukci atine iku disebut tapaning cipta.

17. Tapa telung prakara iku mau kang linakonan kalayan pracaya, lan ora kapingin marang uwohe temah nunggal, iku diarani saka satwam.

18. Apa kang kaleksanane saka pangaji-aji lan antuk kaurmatan, iku diarani saka rajas, iku semang-semang lan ora langgeng.

19. Apa kang kaleksanane saka pituduh kang kleru, kalayan nyangsarakake awake dewe, utawa angrurusak wong liya iku diarani saka tamas.

20. Dedana kang diwenehake marang sadengah kang ora bisa males weweh kanti pamikir kudu diulungake ing papan sarta wanci

kang prayoga, utawa marang wong kang pantes didanani, iku diarani saka satwam.

21. Ananging sing sapa dadana kanti pangarep-arep supaya di wenehana genti sarta entuka liru wohe, utawa kurang legawa, dedana kang mangkono iku diarani saka rajas.

22. Dedana kang papan mempane ora prayoga, utawa diulungake marang wong kang dudu mestine, tanpa angajeni lan angerang-erang iku tetela saka tamas.

23. Om, Tat, Sat : mangkono mau unen-unen tetelu kanggo anuduhake Brahma, tembung telung wanda iku kang kanggo nuduhake (anelakake) para Brahmana Weda sarta kurban.

24. Mulane bubukane sakehing panggawe kurban, dedana lan serenging pangudi, nganggo Om, kaya dene pituduh angger-ang ger tumrap marang sinau Weda.

25. Sujanma kang ngarep-arep marang luwaring babandan, manawa nindaki panggawe kurban sarta serenging pangudi, tanpa pangarep-arep wohe bubukane iku nganggo, Sat.

26. Jroning anelakake kahanan lan kabecikan iku medahake Sat. Apa dene sajroning nglakoni panggawe becik iku uga amedhana Sat.

27. Santoso ing ndalem kurban, serenging pangudi lan dedana, iku uga diarani Sat, sawijining panggawe kang marga saka iku uga ingaran, Sat.

28. Samubarang kang kinurbanake, linilakake sarta ginarap sepi ing piyandel sarta sinartan serenging pangudi, iku sanadyan saiki utawa ing tembe tanpa dadi.

Ingkang jinarwa wau panunggal asarana ambedakaken piyandel tigang warni.

Wiraosan ingkang kaping wolulas.

1. Aturipun Arjuna. Duh Sri Kresna, kula kepengin bade uninga

kawontenanipun tuwin bedanipun seleh kaliyan pasrah, kados pundi wijang-wijangipun.

2. Pangandikanipun Kresna. Nguwalake sagunging panggawe kamelikan iku para wicaksana ngarani seleh (saniyasa) dene para bisa ngarani anglilahake sakehing wohing panggawe iya iku pasrah.
3. Pangandikane para wicaksana panggawe iku kudu dililahake kaya dene dosa, dene panggawe kurban, adana sarta serenging pangudi, kudu ora linilahake, mangkono mungguh caritane para bisa.
4. Heh pepetaning, (panguwuhing dateng Arjuna) piyarsakna pancasaningsun mungguh anglilahake, sabab anglilahake iku ana katrangane telung prahara.
5. Panggawe kurban, dedana lan serenging pangudi ora kena siningkur, ananging kudu dirampungake sarta kurban, dedana lan serenging pangudi iku kasukcianing para wicaksana.
6. Ananging sagunging panggawe iki mau kudu ditindaki sawuse ilang kareme lan wohe wus kalilahake, lah atmajaning Prita, iya iku karampungan sarta luhuring katrangan kang saka Ingsun.
7. Ananging seleh panggawe tumrap kang perlu kang kudu ditindaki iku ora prayoga, awit saka sasar temah amasrahake mau, iku katrangane saka tamas.
8. Sapa kang mglilakake panggawe marga sumelang, yen lara badane sarta muni : sarta angunandika iku nglarani : wong kang mangkono ora angunduh wohe (pamudaran), marga kaleksanane nglilakake mau saka rajas.
9. Anyelehake panggawe kang lineksanan kanti muni : iku kudu dilakoni : duh Arjuna, mongka kareme lan wohe uga wus linilahake, nggone nglilakake mau diarani saka satwam.
10. Lan uga anglilahake kang ora nganggo geting, marang panggawe kang ora kapenak, apa dene ora karem marang kang nye-

nengake iku mau rembesing satwam, iku prayoga sarta sirna semang-semange.

11. Awit kang nyongga badan ora bisa sampurna mungguh olehe anglilahake sakehing panggawe, ananging sing sapa anglilahake wohing panggawe iku diarani juru anglilahake.

12. Dudu kang diarep-arep, kang diarep-arep sarta campuran telung rupa iku wohing panggawene wong kang ora anglilahake ing tembene, ananging ngendi bae ora ana wong anglilahake.

13. Heh Arjuna. Rungokna pitutur ingsun, sabab limang prakara kang katerangake ing sangkya iku kang bisa nyampurnakake ing panggawe.

14. Palinggihan (badan) tukang manggawe, sagunging piranti sarupaning panggawe (tindak) dene kalimane Sura.

15. Panggawene manungsa apa bae kang linakonan, sarana badan, pikir utawa micara, becik utawa ala, iya lima iku kang dadi jalarane panggawe.

16. Kagawa saka limang bab mau wong kang nganggep manase tukang manggawe, dadi ora sumurup, amarga batine durung sukci iku bodo.

17. Sing sapa ora duwe pamrih tumrap awake dewe sing sapa budine ora karegedan, iya iku sanadyan mateni wong deweke ora dosa pati, uga ora kabonda.

18. Kawruh, kang kena ketonton lan kang meruhi, katelu iku pameksa marang panggawe, piranti, panggawe, lan tukang makarti, iku sawijining peranganing dadapukan kang awatak telu.

19. Kawruh, panggawe, lan tukang manggawe, anane ing ndalem sangkya diarani wewatekan telu, kagawa saka pilah-pilah ing guna, rungokna : sajatine iku wus bener.

20. Kawruh kang anjalari, kahan sejati kang tansah kenaning rusak, kang dumunung ing sakehing ngaurip, kang ora bisa pisah ana sajroning pipisahan, bisa kasumurupan, kagawa saka pilah-pilah ing guna, sumurupa iya iku kawruh kang saka satwam.

21. Ananging kawruh kang anuntun, yen kang diperang perang dadi pira-pira kahanan kang beda-beda bangsane iku anane ing ndalem sakehing dumadi petal (pisah), sumurupa iku kawruh saka rajas.

22. Ananging sapa kang nganggep manawa siji, naging ora sumurup sabab-sababe lan sajatine, iku katrangan sakan tamas.

23. Sawijining panggawe kang kongsi rampung, mongka uwal saka karem, tanpa murka lan geting, linakonan ing sujanma kang ora kapengin wohe, iya iku diarani saka satwam.

24. Ananging panggawe kang linakonan ing wong, jalaran saka kapengin sarta melik, apa dene kang tumindake sarana angkara, sarta kenceng nggone nindaki, iku dianggep saka rajas.

25. Panggawe kang tanpa angengeti kadadehane kang anjalari tuna sarta kelangan, utawa kawasa kang kalakonan saka sasar, iku kena diarani saka tamas.

26. Mardika saka karem, tanpa angrasani bab awake dewe darbe karosan miwah kasantosan, ora kengguh dening kadadehan lan ora kadadehan, iku diarani tukang manggawe saka satwam.

27. Murka, kapengin marang wohing panggawe, pamrih, ngrubeda, paged tansah kombak kambul dening bungah lan susah, tukang manggawe iku diarani rajas.

28. Tanpa ngadil, ladak, wangkal, goroh, weya, ala, panggresah miwah anyenyuwe iku diarani tukang manggawe saka tamas.

29. Heh Arjuna, piyarsakna perang-peranging budi lan kasantosan, iku ana tetelu condong lan guna, bakal dak terangake kang ceta.

30. Budi, kang weruh taberi lawan kesed, apa kang kudu digarap, wedi lan ora wedi, babandan lan kamardikan, lah Prita putra iku saka satwam.

31. Manungsa kang budine mung meruhi darma kang durung sampurna, lan kang ora bener, apa kang kudu ditindaki, lan kang ora kudu ditindaki, heh atmajaning Prita iku saka rajas.

32. Budi kang amarga kalimput ing pepeteng, mung nganggep bener, tumrap kang ora bener, sarta samubarang kleru pamikire, o, Prita tanaya iya iku saka tamas.

33. Sujanma kang panunggale sarta pakartine pikire tetep, ora nyaleweng, masesa poncadriya sarta napasing urip, duh Prita putra iku saka satwam.

34. Ananging kasantosaning wong, kang marang kamelikan, lan marang kasugiyan, heh Arjuna, marga kareme marang wohe, o, atmajaning Prita, iku saka rajas.

35. Kasantosan kang agawe wong bodo ora bisa ninggal guru, lara, sedih, pedoting pangarep-arep, lah Prita putra, iku saka tamas.

36. Heh tedaking Barata, ananging samengko piyarsakna kamulyan tetelu kang saka ingsun, yen den udi ing kono temah anggayuh kasenengan lan wasananing prihatin.

37. Kabegjan kang maune saka wisa, ananging wekasane pada lan banyu urip, kabegjan iku diarani saka satwam, metu saka kawruhing Dat kang sampurna.

38. Kabegjan apa bae kang dadi pakaremanning poncadriya, iku maune pada lan banyu urip, nanging wekasane kaya wisa, iku kamulyan kang saka rajas.

39. Kabegjan kang sakawit lan kadadehane anyidrani awake dewe, anane saka turu, weya, miwah sembrana, dadi iku diarani saka tamas.

40. Ora ana kahanan ing ndonya sarta swargan, lan ing antarane para dewa pisan, kang bisa luwar saka wawatekan telu, kang tuwuh saka prakriti mau.

41. Kawruhana para Brahmana para prajurit (1), bongsa katelu (2) lan kaping pat (3), duh pangrurahing satru iku pada nampani papasten (karma) miturut wawatekan mau.

---

(1) Satriya
(2) wiswa
(3) sudra

42. Mangreh cipta lan kalakuwan, srenging pangudi, sukci, momot, lan ngadil, kawruh, pinter pracaya, iku karmaning Brahma, kang tumuwuh saka watake dewa.

43. Kasuran, murub[4] kasantosan, kapinteran, lan ora oncat saka paprangan, loma, kumaratu, iku bebageyaning prajurit (karmaning prajurit) kang metu saka watake dewe.

44. Tetanen, ngupakara kewan, dadagangan, iku bebageyaning bongsa angka telu, panggawe angawula iku bebageyane bongsa angka papat, kang wetune saka watake dewe.

45. Kang amarga tetep anglakoni bageyane dewe-dewe, iku manungsa bisa anggayuh kasampurnan, piyarsakna sapira kasampurnan kang tinemu dening sing sapa sumungkem marang bagehane mau.

46. Iya saka panjenengane kang anganake dumadi iki kabeh, iya saka kang anarambas (rumesep), sakabehe iki manungsa kang anetepi wajibe antuk kasampurnan.

47. Luwih becik kawajibane dewe (darma) sanadyan tanpa hasil, katimbang temen-temen anetepi kuwajibaning liyan, sing sapa anetepi wajibing urip, kang kaleksanane saka watake iku tanpa dosa.

48. O, Atmajaning Kunti, wajib kang metu saka wawatekan iku sanadyan isih kakurangan (durung bisa anetepi), kudu ora kena disingkur sabab sagunging panggawe iku mesti kinepung ing kakurangan, kaya dene geni linimputan ing kukus.

49. Sing sapa budine ora duwe karem marang sadengah, lan bisa angalahake manase sapa bae kang kamelikane wus sirna, iya tekan kasampurnan kang luhur, saka ora nindaki panggawe sarana seleh.

50. Kapriye mungguh sujanma kang wus anggayuh kasampurnan mau, katemune lan Brahma, piyarsakna pitutur ingsun aring-

(4) mbokmanawi pinajengipun mungal, saminipun ungalna liyane utawa gedekna urube.

kesan iki, iya iku pucaking kawicaksanan kang luhur banget.

51. Sing sapa anunggal sarana budi, kang wus sukci kalayan kasantosane wus anelukake manase, sawuse swara lan kang kagepok ing poncadriya wus kaselehake, anyingkirake sih lan getinge.

52. Urip ing panggonan kang sepi, angungurangi pangan, wicarane, badan lan pikire lestari kinendalenan (dipun reh), tansah anglakoni meleng sarta nunggal, ing kono sirna kamurkane.

53. Manawa uwis sepi saka ing pamrih panganiaya, kumlungkung, kamelikan, napsu amales ala lan murka, ora epeh ananging tentrem, iya iku prayoga tumrap kahananing Brahma.

54. Yen deweke wus dadi Brahma, pribadine wus wening, tuwin sepi ing kamelikan lan sedih, ora ambedakake sagunging kahanan, deweke antuk kaluhurraning bakti tumrapingsun.

55. Sarana bakti deweke weruh maringsun ing kahanan sajati, sabanjure deweke tumuli adedunung ing ndalem Dat.

56. Sanadyan sujanma mau tansah anindaki panggawe, naging ing nalika iku deweke manglindung maringsun, deweke bisa dedunung ing kalanggengan, miwah ora owah gingsir, marga saka kamurahaningsun.

57. Ing nalika batinira masrahake sekehing panggawe marang Ingsun, nganggep Ingsun kang Maha Luhur, panunggalira sarana budi, lestarikna kencenging ciptanira maringsun.

58. Yen sira tansah eling maringsun, sira bakal mentas saka sagunging kasusahan, ananging manawa sira marga saka angkara murka banjur ora gelem miyarsakake, sira bakal bilai.

59. Manawa sira darbe cipta gelem tineluake purih lan anduweni osik : aku ora sedya lawan kekencenganira tan paedah prakriti (1). kang bakal meksa sira.

---

(1) sangking prakriti pinangkaning karsa.

60. Marga sira kabonda ing karmanira, kang tumuwuh saka watak-ira dewe, duh Atmajaning Kunti : kagawa saka kalerune sira ora gelem anindaki panggawe kang mestine kudu sira lakoni.

61. Gusti sasana ing ndalem batine kabeh kahan, o, Arjuna, marga saka mayane kang anjalari sakehing kahanan mubeng kaya tumumpang ing roda penggilingan.

62. Kabeh kahananira kalindunga Panjenengane, lah tedaking Barata, awit saka sih welasing Gusti sira anggayuh ing katentreman kang luhur, iya padunungan kang langgeng.

63. Mangkono wawadining kawicaksanan kang piningit, kang sun pratelakake siji-siji marang sira, sawise sira rasakake kabeh endi kang sira pilih tumuli lakonana.

64. Piyarsakna bacute pangandikaningsun kang piningit, kang luwih wadi saka kang uwis-uwis. Sira iku tetep kakasihingsun, lan santosa, marmane ingsun bakal wawarah nganti sira antuk karahayon.

65. Pikirira sungkema maring Sun, baktiya maring Sun, kurbana maring Sun, sumungkema ing ngayunaningsun, sira bakal tumeka maring Sun, Ingsun nantokake lawan saktemene, sira iku asih maring Sun.

66. Mara ninggala sakehing kuwajibanira, ngemungna nglindung marang Ingsun, Ingsun bakal mardikake sira saka sakabehing piala, wis samengko sira aja susah.

67. Iku mau kabeh aja pisan-pisan, sira warahake marang wong, kang ora nedya nglakoni serenging pangudi, uga aja marang wong kang datan bekti utawa ora gelem angrungokake utawa marang wong kang ora anggatekake.

68. Sing sapa anerangake wadi kang luhur iku marang wong kang bakti maring Sun, lan anuduhake baktine bakal sirna semang-semange lan tekan maring Sun.

69. Ing antarane wong pira-pira iki, kajaba deweke ora ana kang

luwih demen maring Sun, lan ing ndonya iki ora ana maneh kang sun sehi kajaba deweke.

70. Sing sapa gelem ngrasakake nggoning sun pada rarasan (bawa rasa), sakaloron iki deweke ngluhurake Ingsun sarana kurban kawicaksanan.

71. Mongka sujanma kang percaya banget uga gelem miyarsakake, deweke bakal mardika sarta bisa tekan ing alam kabegjane para kang magawe kang bener.

72. Duh Prita putra, sawise sira miyarsa pangandikaningsun apa kablingerira kang jalaran kakilapan wus sirna.

73. Aturipun Arjuna, Kablinger kula temahan sirna kula saged enget jalaran saking sih parimarma Paduka, pukulun risang Asuta (ugi sasebutipun Kresna) kula sansaya wewah santosa, rangu-ranguning manah kula sampun ical babar pisan, kula mirantos bade nglampahi ing sapitedah Paduka.

74. Aturipun Sanjaya. Bilih kula mirengaken ingkang makaten wau inggih punika wiraosanipun Basudewa Putra, kaliyan atmajanipun Prita, pukulun wulu kula lajeng anjegrig.

75. Menggah wawadi kang luhur sarta linuhung, inggih panunggal ingkang kawijang-wijangaken dening Sri Kresna, saha Gustining panunggal, punika saged kula mireng nugraha peparingipun Sang Wiyasa [1].

76. Duh Susuhunaning Bawana (aturipun Sanjaya dateng Prabu Dristarastra) saben-saben bilih kula kaengetan wiraosanipun Sri Batara Kresna kalayan Sang Arjuna ingkang kaebegan kaelokan saha punika kasengseming manah kula matambah tambah.

77. Tuwin saben-saben bilih kula angengeti suwarnenipun Sri Hari (jujulukipun Kresna) ingkang sakalangkung mokal, pukulun,

(1) Panjenenganipun Wiyasa ingkang paring nugraha dateng Sanjaya, bab sasawangan gaib, pramila saged amanoni utawi nyerati kawontenanipun paprangan.

eraming manah kula awewah-wewah, saha bingah kula tanpa upami.

Wasana kula anamtokaken, ing pundi dunungipun Gustining panunggal inggih Batara Kresna, makaten ugi risang Prita putra, inggih prajurit ing wasis anjemparing, ing ngriku dununging unggul, begja miwah adil.

Bagawat Gita punika wontenipun ing piwulang wados, winastran kawicaksananing Brahma, serat panunggal wiraosanipun Kresna kaliyan Arjuna, wiraosan ingkang kaping wolulas wau winastan panunggal asarana kamardikan saking seleh.

BAB III

ALIH BAHASA

Bhagawadgita
(Nyanyian Tuhan atau Senandung Dewata)
Percakapan kesatu

1. Kata Prabu Dristarastra
   Hai Sanjaya, selanjutnya bagimana keadaan para putraku dan anak-anak Pandu yang akan berperangtanding setelah mereka berada di Tegal Kuru, suatu tempat yang suci?
2. Jawab Sanjaya
   Ketika Prabu Duryudana mengetahui bahwa perajurit anak-anak Pandu yang begitu besar jumlahnya sudah bersiapsiaga menggelar perang, ia segera menemui Durna, gurunya, seraya berkata,
3. Lihatlah guru, anak buah Pandutanaya yang begitu banyak sudah bersiapsiaga dipimpin Drupada, murid guru yang ahli dalam taktik perang.
4. Lihatlah di sana para panglima besar beserta perajurit pemanah seperti Duryudana, Wirata, dan Drupada dengan kereta perangnya yang berkekuatan sama dengan Bima atau Arjuna.
5. Dristoketu, Sekitana, dan raja dari Prajakasi (Benares) yang gagah berani dalam perang, perajurit Kuntiboga beserta raja dari Negara Swibi yang berbenteng manusia.
6. Yang gagah perkasa Risang Yodamannyu anak Sumbadra serta sang pemberani Hutamuya, anak Drupati, yang berkendaraan kereta.
7. Wahai para pendeta (yang sudah dilahirkan dua kali) [1],
   siapakah yang pantas menjadi pemimpin perajurit, menurut pendapat saya yang paling tepat hanyalah guru.
8. Hanya guru atau Sang Bisma (panglima Kurawa yang masih Kakek Duryudana maupun Pendawa), ataupun Karna serta Kripa sama-sama terampil dalam perang, Aswatama dan Wikarna serta anak-anak Samadati.
9. Juga para panglima perang lainnya, karena cintanya terhadap

saya, mereka sudah merelakan hidupnya untuk berperang dengan berbagai macam persenjataan serta dengan berbagai gelar perang.

10. Meskipun perajurit kita dipimpin oleh Bisma tetapi belum cukup, sebab perajurit musuh yang dipimpin Bima lebih dari cukup.
11. Guru beserta para pembesar lainnya supaya berada di tengah peperangan untuk melindungi Bisma yang akan menjadi Panglima perang.
12. Untuk membesarkan hati Duryudana, sesepuh Kurawa Kakek Bisma yang sangat dihormati itu kemudian meniup terompet, berkumandang ke angkasa bagai auman singa.
13. Seketika pula berbagai jenis seruling, tambur, bedug, dan terompet dibunyikan, suaranya gemuruh menggetarkan hati.
14. Sementara Keturunan Madu (sebutan Kresna) beserta penengah Pandawa Arjuna, dari atas keretanya yang berkuda putih juga segera meniupkan terompet pemberian dewata.
15. Hresikesa (sebutan Kresna) meniup terompet bernama **Singating Raseksa** (tanduk raksasa), sedangkan Sang Danajaya (Arjuna) meniup terompet pemberian dewata, dan Wrekudara meniup terompet yang sangat besar sekali bernama **Paondra**, semua membuat ngeri orang yang mendengarnya.
16. Prabu Yudistira (anak Kunti) meniup terompetnya yang bernama **Unggulngayuda** (menang perang), terompet Nangkula yang bernama **Swara Arum** (suara merdu), sedangkan terompet Sadewa bernama Mutiara yang Kembang.
17. Nara Nata dari Negara Kasi, pemimpin perajurit bersenjata panah beserta Srkandi berkendaraan kereta, begitu pula Sang Wirotamengprang, Drustajumna (anak Drupada), Wirata serta Setyaki.
18. Drupada dan Drupatitanaya, Sumbadraputra yang tanpa tandingan, wahai ratu sejagad (kata Sanjaya kepada Prabu Dristarastra), masing-masing meniup terompetnya.

19. Suaranya bagai guntur menggetarkan bumi, membuat hati Kurawapun bergetar.
20. Risang Panduputra yang panji-panjinya bercirikan kera, setelah ingat bahwa para Kurawa sudah bersiapsiaga, segera membawa busur, diikuti seluruh perajurit untuk bersiapsiaga.
21. Kata Sanjaya
    Gusti, di sana Arjuna segera minta kepada Raja Kresna agar keretanya dibawa maju ke tengah-tengah antara perajurit Pandawa dan perajurit Kurawa.
22. Supaya saya dapat melihat siapa yang memimpin perajurit musuh dan siapa yang harus dihadapi.
23. Saya ingin tahu siapa yang akan maju berperang, yang sudah bersiaga di arena pertempuran, mengharap segera mulai bertempur, cuma menuruti maksud buruk Dristarastraputra (sebutan Duryudana).

MILIK PERPUSTAKAAN DIREKTORAT TRADISI DITJEN NILAI BUDPAR

24. Kata Sanjaya
    Setelah Kresna mendengar permintaan Arjuna, ia pun segera membawa keretanya ke tengah-tengah antara perajurit musuh dan perajuritnya sendiri.
25. Di hadapan Bisma dan Druna beserta segenap pembesar kerajaan, Sri Kresna berkata, hai anak Prita, lihatlah keadaan Kurawa yang datang.
26. Seketika itu Arjuna melihat sanak-saudaranya dari Kurawa termasuk kakek, guru, paman dari pihak ibunya, saudara sepupu, cucu dan temannya.
27. Mertua serta saudara-saudaranya sendiri berada di situ, setelah Arjuna sadar, tahu-tahu kedua belah pihak telah saling berhadapan.
28. Arjuna (anak Kunti) begitu terharu dan sedih hatinya, katanya kepada Kresna : setelah saya melihat sanak-saudaraku maju untuk berperang, sekujur tubuhku menjadi lemas.
29. Punggungku merinding (meremang), kerongkonganku sakit, badanku gemetar, dan bulu romaku bergidik.

30. Tanganku tak mampu memegang busur, kulit tubuhku terasa panas, kakiku menjadi kaku, dan hancur luluh hatiku.

31. Duh Kesawa (sebutan Kresna). Menurut perasaanku, hal ini pertanda buruk, akan buruk kejadiannya kalau saya harus berperang melawan saudara sendiri.

32. Tuan, saya tak ingin menang, dan tak menginginkan keraton serta tak menginginkan kemuliaan, duh pangoning lembu (pengembala lembu = sebutan Kresna), buat apa keraton dan kemuliaan.

33. Perjuangan saya untuk memiliki keraton, kemuliaan, dan kewibaan adalah untuk memberi pengayoman kepada sanak keluarga, tetapi kini mereka saling berhadapan untuk berperang dengan mempertaruhkan jiwa, raga, dan hartanya.

34. Mereka adalah guruku, bapakku, anak maupun kakekku, paman dan ipar mertuaku, cucu serta saudara lainnya.

35. Duh **Pangrurah Madu** (Perusak Madu = sebutan Kresna), saya tak sampai hati membunuh mereka, lebih baik saya mati dari pada memperoleh hadiah menguasai tiga dunia sekalipun.

36. Duh **Pangruwating Manungsa** (pembebas manusia = sebutan Kresna), bagaimana mungkin saya bisa senang kalau saya harus membunuh keturunan Dristarastra Setelah mereka habis terbunuh, nasib buruk akan menimpaku.

37. Duh Sri Kresna, karena itu tidak baik kalau saya harus membunuh keluarga Kurawa. Apakah mungkin saya memperoleh kebahagiaan setelah saya membunuh saudara sendiri?

38. Kalau mereka tidak merasa berdosa membunuh saudaranya sendiri, dan tega melawan saudara sendiri, itu semata-mata karena hatinya sudah dirasuki nafsu serakah.

39. Duh Kresna, bagaimana pun saya harus menjauhi hal ini, karena saya menganggap bahwa melenyapkan keturunan itu perbuatan berdosa.

40. Karena rusaknya keturunan (bangsa), maka undang-undang yang kekal (abadi) musnah (hilang). Pada hal kalau undang-

undang tadi musnah, semua bangsa akan diperintah tanpa undang-undang.

41. Kalau keturunan tidak diatur dengan undang-undang, maka induk keturunan akan rusak. Kalau induknya rusak, duh Wresni (sebutan Kresna), niscaya akan melahirkan bangsa campuran

42. Percampuran bangsa tadi akhirnya mendatangkan neraka bagi yang merusak keturunan bangsa sendiri, sebab nenek moyang - nya tercebur ke neraka sebagai akibat tidak memperoleh sesaji an.[2]

43. Dengan dosa seperti itu, siapa yang memusnahkan keturunannya, yakni yang menyebabkan bercampurnya bangsa, dapat di katakan merusak undang-undang keturunan ataupun bangsa yang abadi.

44. Duh Pembebas Manusia (Kresna), setahu saya kalau undang-undang bangsanya rusak, maka akan tinggal di neraka untuk selama-lamanya.

45. Ah, malapetaka apa yang akan menimpa; karena keinginanku terhadap kemuliaan, sampai tega untuk membunuh saudara.

46. Apabila anak-anak Raja Dristarastra semua memegang senjata untuk membunuh saya dalam peperangan, pada hal saya tidak bersenjata dan tidak berniat untuk melawan, menurut saya hal ini adalah kemuliaan.

47. Kata Sanjaya
Setelah selesai berbicara, Arjuna sambil membuang busur serta anak panahnya, ia kemudian bersimpuh di lantai kereta dengan perasaan haru dan hancur luluh hatinya.

Bhagawadgita yang suci terdapat di dalam ajaran rahasia (upanishat) disebut Kebijaksanaan Brahma surat ajaran suci, yakni percakapan anatara Kresna dan Arjuna. Apa yang ditunjukkan di atas disebut percakapan kesatu atau keragu-raguan Arjuna.

Percakapan Kedua

1. Kata Sanjaya

   Pangrurah Madu [3] (sebutan Kresna) memarahi Arjuna yang sedang ragu-ragu dan terharu serta berlinang air mata karena sedih hatinya.

2. Kata Kresna
   Dari mana asal-usul kepedihan hatimu Arjuna. Sikapmu bukanlah sifat seorang Ari, bukannya membawamu ke sorga, sebalik nya malahan menuntunmu ke jurang kenistaan.

3. Hai anak Prita, tegarlah, sikapmu itu tidak pantas, hilangkan kepiluan hatimu, hai **Pangrurah Satru** (Perusak Musuh = sebutan Arjuna) bangkitlah untuk berperang.

4. Kata Arjuna
   Duh Tuan, bagaimana mungkin saya melawan Bisma serta Durna, sebab keduanya pantas disembah-sembah (dihormati).

5. Sebab di dunia ini lebih enak makan sesuap nasi dari belas kasih orang dari pada memperoleh kemuliaan besar tetapi dengan membunuh guru termasyhur. Selalu tergiur oleh harta dan kemuliaan, hal demikian akan dikotori darah.

6. Juga saya belum tahu yang mana yang baik buat diri saya, apakah saya yang menang ataukah saya yang kalah, namanya bermusuhan dengan keluarga sendiri, seumpama saya dapat membunuh mereka, saya pun tak ingin hidup.

7. Saya merasa berdosa, menjadi pudar sifat kesatriaan saya; karena itu saya mohon petunjuk pada Tuan, mana yang lebih baik buat saya, tolong tunjukkan, sebab saya adalah murid Tuan, berikan petunjuk Tuan pada diri saya yang malang ini.

8. Sebab saya tidak tahu bagaimana saya harus membuang perasaan pedih ini, meskipun saya akan memperoleh ganjaran (hadiah) menguasai dunia tanpa saingan, lebih dari itu merajai dewata sekaligus.

9. Kata Sanjaya kepada Raja Dristarastra : Selesai bicara pada Sri

Kresna demikian itu, Arjuna kemudian seperti menyesal, saya tak sanggup untuk berperang.

10 Di tengah-tengah antara pasukan musuh dan pasukan Pendawa, Sri Kresna sambil tersenyum memberi petunjuk (nasihat) kepada Arjuna yang sedang termenung, demikian:

11. Kata Kresna [4]

